ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№161 (23.569) ● 2017 гъэм шыщхьэуIум (августым) и 24, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Мардэ ткIийр иджыри Iуахыжакъым

КIуэкIуэ Ю. А. иригъэкIуэкIащ Тырныауз къыщыхъуа къызэрымыкIуэ щытыкIэм къикIыным теухуа Iуэхухэм щытепсэлъыхьа зэIущIэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий дыгъуасэ иригъэкIуэкIащ Тырныауз къыщыхъуа къызэрымыкIуэ щытыкIэм къикIыным теухуа Iуэхухэм щытепсэлъыхьа зэIущIэ. Дуней щытыкIэр абы иджыри зэрыщызэтемыувэжам къыхэкIыу, къызэрымыкIуэ щытыкIэ къыщыхъуам деж ягъэув хабзэ мардэ ткIийр къалэм иджыри щыIуахыжакъым. ЩIэныгъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, къуршхэм щызэтелъ мылхэр зэрыткIум къыхэкIыу ятIэпсыр умыщIэххэу аргуэру къехынкIэ хъунущ сыт хуэдэ зэманми.

«ДЭ ЩЫТЫКIЭР тэмэм хуэдэу къызыщыдгъэхъуу дыщыс хъунукъым. КъызэрымыкIуэ щытыкIэ дихуэнкIэ зэрыхъунум сыткIи дыхуэхьэзырын хуейщ», - къыхигъэщащ КIуэкIуэм.

2000 гъэм ятIэпсыр къыщехам цIыхуи хэкIуэдауэ, къалэ инфраструктурэри къанэшхуэ щымыIэу зэтрикъутауэ щытащ. Федеральнэ центрым и дэIэпыкъуныгъэкIэ 2003 гъэм япэ дыдэу къызэрагъэпэщащ ятIэпс къех хъужыкъуэмэ, ар къалэм зэрыдэкIыну гъуэгур. Аращ иджырей къэхъукъащIэм къишэнкIэ хъуну щыта хэщIыныгъэхэр зыгъэмэщIари.

ЗэIущIэм къыщыхалъхьащ Герхожан-Суу псым и ятIэпс жапIэр зыхуей хуэгъэзэжын, псым и нэпкъхэр гъэбыдэн, Бахъсэн псым автомобилкIэ узэрызэпрыкI хъун лъэмыжыр ухуэн, Тырныауз къыпэзыкIухь гъуэгур зэгъэпэщыжын лэжьыгъэхэм икIэщIыпIэкIэ яужь ихьэну. ЩытыкIэр уи нэIэ щIэтыныр, мыхъумыщIагъэр къэмыхъу щIыкIэ абы япэ зибгъэщу зыхуэфащэ Iуэхухэр зэфIэбгъэкIыныр сыт хуэдэ унафэми и лъабжьэу щытын хуейуэ къелъытэ республикэм и Iэтащхьэм.

Иджыпсту щIыпIэм щызэфIэгъэкIын хуей Iуэхухэм УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм и 58-нэ армэм къулыкъу щызыщIэхэр, МЧС-м и къарухэр къыхашауэ, еужьэрэкIыу ирагъэкIуэкI зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр, къимыдэкIэ, дуней щытыкIэм зэрызихъуэжми зэпымыууэ кIэлъоплъ. КъыгуэункIэ шынагъуэу ятIэр щызэтрихьа щIыпIихым деж ар къыщагъэауэри, Бахъсэн псыхъуэмкIэ кърагъэхащ. Хуей хъумэ, цIыхухэр щIыпIэм къызэрырагъэIэпхъукIыну щIыкIэхэр яубзыхуащ, хущхъуэхэкIхэу, псырэ ерыскъыуэ зыхуеинум хуэдиз яIэщ.

«Псом япэ игъэщыпхъэу икIи Iуэхугъуэ нэхъыщхьэу къэлъытапхъэр цIыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынырщ», - жиIащ КIуэкIуэ Юрий.

ЗэIущIэр щекIуэкIым хъыбар къатащ мыл зэтежыхьа Iыхьэшхуэ «Мир» станцым деж къызэрыщехам теухуа хъыбар. Абы и зэран зыми екIакъым. КIуэкIуэ Ю. А. пщэрылъ щищIри, а щIыпIэм кIуащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков А. ТI.

ЩытыкIэм теухуауэ езыхэм къехьэлIа IуэхухэмкIэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Бэлэтокъуэ В. Хъ., КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ - егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ министр Емуз Н. Гъу., КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Расторгуевэ С. А., Урысейм и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Чёрный М. В. сымэ.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

Къэралым субвенцэу мелуанищэм щIигъу Къэбэрдей-Балъкъэрым къыхуеутIыпщ,

хущхъуэ къыщащэхукIэ зыдэIэпыкъун хуейуэ къалъыта гупхэм зыщIагъэкъуэн щхьэкIэ

Урысейм и Правительствэм и УнафэщI Медведев Дмитрий Iэ щIидзащ федеральнэ бюджетым щыщу УФ-м и субъектхэм яхуиутIыпщ субвенцэхэм хэгъэхъуэным теухуа унафэм.

А АХЪШЭР трагъэкIуэдэнущ нэхъ хуэныкъуэу къалъыта цIыхухэм хущхъуэхэр, зыхуэныкъуэ медицинэ Iэмэпсымэхэр, апхуэдэуи сабий ныкъуэдыкъуэхэм ирагъэшх ерыскъыхэкIхэр къахуэщэхуным. Апхуэдэ мурадхэм къыхуагъэсэбэпыну Къэбэрдей-Балъкъэрым къыхуаутIыпщащ сом мелуани 105-рэ мин 241-рэ.

УРЫС Баблинэ.

Налшык къалэ округым щыщ Iыхьэм щагъэувауэ щыта мардэ пыухыкIахэр (карантиныр) щхьэщыхыжыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

Урысей Федерацэм «Ветеринарием и IуэхукIэ» и Закон №4979-1-м, 1993 гъэм накъыгъэм и 14-м къащтам, и 3.1-нэ статьям ипкъ иткIэ, Налшык къалэ округым и щIыналъэм хьэщхьэрыIуэ уз зыпкърыт псэущхьэ зэрыщымыIэжым къыхэкIыу:

1. Налшык къалэ округым щыщ Iыхьэм, ЩоджэнцIыкIум и цIэр зезыхьэ проспектыр, Коммунистическэ, Къэбэрдей, Нэгумэм и цIэр зезыхьэ уэрамхэм я гъунапкъэхэр зыхиубыдэм, щагъэувауэ щыта мардэ пыухыкIахэр (карантиныр) щхьэщыхыжын.
2. Къару имыIэжу къэлъытэн «Налшык къалэ округым и щIыналъэм щыщ Iыхьэм мардэ пыухыкIахэр (карантин) щыгъэувыным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2017 гъэм мэкъуауэгъуэм и 16-м къыдигъэкIа Унафэ №57-РГ-м.
3. Мы Унафэм къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм шыщхьэуIум и 23-м
№94-РГ

● ЩIДАА-р илъэс 25-рэ ирокъу

Дрогушхуэ икIи дроин

Акъылымрэ щIэныгъэмрэ мылъкуу щыIэм и пэ ирагъэувэу адыгэхэр ижь-ижьыж лъандэрэ къогъуэгурыкIуэ. Апхуэдэ лъэпкъ нэщэнэр къыхощ абы и псалъэжьхэм, жыIэгъуэхэм, хъыбархэм. Хэхауэ щIэныгъэм тещIыхьа зэгухьэныгъэ щамыIэми, ипэкIи адыгэхэм Iэмал куэд къагъэсэбэпырт, лъэпкъ зэхэщIыкIым нэхъри зрагъэужьын папщIэ. Иджы адыгэхэр дроин икIи дрогушхуэ лъэпкъ щIэныгъэм и купсэр, и фIыпIэр «щызэхуэхьэса» апхуэдэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ - ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академие - дызэриIэм. ШыщхьэуIум и 25-м илъэс 25-рэ ирокъу ар къызэрызэрагъэпэщрэ.

ТХЫДЭ гъуэгуанэ кIыхь икIи гугъу къэзыкIуа ди лъэпкъыр ЩIДАА-м хуэзыша лъагъуэр тыншу щытакъым. Ар кIуэцIрыкIащ гукъеуэ инхэм, нэщIэбжьэ куэди къаIэщIэлъэгъуащ. А псор зи нэгу щIэкIа ди лъэпкъ уардэр зыми лъэгущIэт яхуэщIакъым, лIэщIыгъуэкIэрэ абы къыкIуэцIрихащ икIи къэкIуэну щIэблэхэм яхуихъумэфащ и щэнхабзэр, акъылыр, Iущыгъэр. Апхуэдэу лъэпкъыр игъащIэ лъандэрэ зэрыгушхуэу щыта хъугъуэфIыгъуэ псори зы щIыжыным, лъэпкъ гукъеуэмрэ гурылъымрэ къэIуэтэным, адыгэхэм я гум жыы дегъэхужыным хуэунэтIат 1991 гъэм накъыгъэм и 19-м къызэрагъэпэщауэ щыта Дунейпсо Адыгэ Хасэр. ЩIы хъурейм щикъухьа адыгэ хасэ цIыкIухэр къызэщIэзыкъуэжа ДАХ-м ди лъэпкъэгъу куэд зэригъэцIыхужащ, я гурылъхэмрэ мурадхэмкIэ зэдэгуэшэну Iэмал яритащ. ИкIи зы илъэс нэхъ дэмыкIыу, 1992 гъэм шыщхьэуIум и 23-м, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академиер къызэрагъэпэщащ.

ЩIДАА-р ди лъэпкъым зиужьыным, ефIэкIуэным хуэлажьэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ инхэм ящыщщ. А зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэр епхащ щIэныгъэлI щэджащэ, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ, УФ-м, КъБР-м, КъШР-м, АР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, профессор Нэхущ Iэдэм Мэрем и къуэм и цIэм. Академиер зэрыщыIэрэ блэкIа зэманым къриубыдэу аращ абы и президентыр. Лъэпкъым и цIыху пэрыт псори зэхуэзышэсыфа къару лъэщ хъуащ нобэ Адыгэ Академиер. Физикхэм, филологхэм, тхыдэджхэм, медицинэм и лэжьакIуэхэм, н. къ. IэщIагъэлIхэм я закъуэкIэ пхузэфIэмыхын Iуэху куэд иIэщ ди лъэпкъым, ауэ щIэныгъэлIхэм я акъыл зэхэдзэкIэ жыжьэ унэсыфынущ, адыгэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэхэри блэжьыфынущ. А гупсысэхэрщ гъуэгугъэлъагъуэу яIар, а щIэныгъэ зэгухьэныгъэр къыщызэрагъэпэщым.



Нэхущ Iэдэм

Къэзанокъуэ Жэбагъы, Нэгумэ Шорэ, Хьан-Джэрий, Къаз-Джэрий, Бырсей Умар, Черкасскэ пщыхэр, ХьэтIохъущокъуэ Къазий, КIашэ Адэлджэрий, Къудащ Елбэздыкъуэ, Цей Ибрэхьим, Къатхъэн Назир, ЩоджэнцIыкIу Алий, Кубэ Шэбан, КIэрашэ Тембот, Уэхъутэ Абдулыхь сымэ, адыгэм и цIэр жыжьэ зыгъэIуа нэгъуэщI еджагъэшхуэхэмкIэ, тхакIуэхэмкIэ, жылагъуэ, къэрал, политикэ лэжьакIуэшхуэхэмкIэ къулей лъэпкъым Iэмалыншэу иIэн хуейт щIэныгъэ зэгухьэныгъэ.

ЩIДАА-м и япэ зэIущIэм къыщагъэнэIуащ Академиер зи щхьэ хущытыж жылагъуэ зэгухьэныгъэу зэрыщытыр.

1992 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм къащтащ ЩIДАА-м и Уставри Положенэри. Абыхэм нэхъ шэщIауэ икIи зэпкърыхауэ къыщыгъэлъэгъуат Академиер зищIысыр, абы и мурадхэр, къалэнхэр. ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и Хабзэм зэритымкIэ, зэгухьэныгъэм и къалэнхэр псори тещIыхьащ адыгэ лъэпкъым адэкIи зегъэужьыным, ар егъэфIэкIуэным, и цIэр фIыкIэ дуней псом щыгъэIуным. Зэгухьэныгъэм Iэмал къитащ къэралым и нэгъуэщI щIыпIэхэм, хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм щIэныгъэ IуэхукIэ запытщIэну, зэлэжьхэмкIэ, я мурадхэмкIэ зэдэгуэшэну. Псом ящхьэр адыгэхэр дяпэкIэ зыр адрейм щIэгъэкъуэн хуэхъуфу, ди лъэпкъ хьэл-щэн дахэхэр ефIакIуэу, лъэпкъ узыншэу дыкъэгъуэгурыкIуэнымкIэ академиер сэбэпышхуэ зэрыхъунырт.

(КIэухыр 4-нэ нап.).

Ди къуэш республикэхэм

Абхъаз зауэм хэкIуэдахэр ягу къагъэкIыж

АБХЪАЗ. ***ШыщхьэуIум и 14-м илъэс 25-рэ ирикъуащ Куржым и дзэхэр Абхъазым зэрытеуэрэ. 1992 гъэм зауэр къыщыхъеям и етIуанэ махуэм щыщIэдзауэ абы кIуащ абхъаз лъэпкъым дэIэпыкъуну хуейхэр. Абыхэм ящыщу а зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэщ шыщхьэуIум и 15-р. Абы теухуа пэкIу щекIуэкIащ Гудаутэ.***

- ИЛЪЭС 25-рэ ипэкIэ Абхъазым гуауэшхуэ къытегуплIат. Куржым и Къэрал советым и дзэхэм абхъаз лъэпкъымрэ абы и щэнхабзэмрэ ягъэкIуэдыну ди лъахэм щызэхаублат зауэ гуащIэ. А зэман гугъум дахъумэну къыткъуэувахэм фIыщIэ ин яхудощI. Ди жагъуэ зэрыхъущи, а зауэм хэкIуэдащ цIыху 2700-м щIигъу, абыхэм ящыщу 290-р Кавказ Ищхъэрэм, Урысей Ипщэм, абхъазадыгэ хэхэсхэр щыпсэу нэгъуэщI къэралхэм, Осетие Ипщэм, Приднестровьем къикIат. Ахэр дэ зэи тщыгъупщэнукъым, - жиIащ Абхъазым и президент Хаджимбэ Рауль.

Абы къызэрыхигъэщащи, Абхъазым и цIыхухэм я гур къызэригъэгъуэтыжат къакъуэувэну хуейхэр къызэрыкIуэр къыщащIэм, я зауэлIхэр къызэщIиIэтат, фIым щыгугъыу.

1992 - 1993 гъэхэм Абхъазым щекIуэкIа зауэм лъэпкъыр яхъумэу хэтахэм я махуэм теухуа пэкIум, хэкIуэдахэм я фэеплъым деж удз гъэгъахэр щызыгъэтIылъахэм яхэтащ республикэм и унафэщIхэмрэ хьэщIэхэмрэ.

ЕджапIэщIэхэр, спорт IуэхущIапIэщIэхэр

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рашидрэ Правительствэм и УнафэщI Уэз Аслъэнрэ иджыблагъэ ирагъэкIуэкIа зэIущIэм щытепсэлъыхьащ республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм теухуауэ мы махуэхэм екIуэкI Iуэхухэм.***

УЭЗ АСЛЪЭН зэрыжиIамкIэ, Къэрэшей-Шэрджэсым и еджапIэхэмрэ зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэм я IуэхущIапIэхэмрэ гъэ еджэгъуэщIэм хуэхьэзырщ. ФокIуадэм и 1-м Къарэ-Пагуэ къуажэм къыщызэIуахынущ еджакIуи 140-м хуэщIа школ, сабий 40 зыщIэхуэн сад. Апхуэдэуи сабий садхэр къыщызэIуахынущ Икон-Хьэлъкъ къуажэм сабий 200-м, Инжыдж ЦIыкIу - 300-м хуэщIауэ. Учкекени щатынущ иджыри зы сабий садыщIэ, цIыкIу 200 щIэхуэну. Ботэщей лэжьэн щыщIидзэнущ физкультурэузыншагъэр щрагъэфIакIуэ IуэхущIапIэщIэм.

Республикэм и Iэтащхьэм Правительствэм и УнафэщIым къалэн щищIащ ухуэныгъэщIэхэр лэжьакIуэхэмкIэ, зыхуеину IэмэпсымэхэмрэхьэпшыпхэмкIэ нэщIысауэ къызэгъэпэщыным и нэIэ тригъэтыну.

Республикэм и унафэщIхэм къабгъэдэкI тыгъэ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ КъумпIыл Мурат и жэрдэмкIэ, щIыналъэм щызэхаублэжащ «Подарок первокласснику» Iуэхур.***

МЫ ГЪЭМ япэ классым кIуэну сабийхэм а Iуэхум хиубыдэу иратынущ зэреджэзэрытхэ хьэпшыпхэр. Республикэ бюджетым абы хухихащ сом мелуани 9.

Сабийхэм зэрегуэпэнум хэлъынущ тетрадхэр, альбом, ручкэхэмрэ къэрэндащхэмрэ, краскэхэр, нэгъуэщIхэри. Хьэпшып 26-рэ къызэщIеубыдэ школакIуэ нэхъыщIэхэм хуагъэхьэзырам.

Апхуэдэуи, япэ классым кIуэну дэтхэнэми хуагъэхьэзыращ дневник. Абы и япэ напэкIуэцIи 8-м къыщыгъэлъэгъуащ республикэм, лъэпкъ фащэхэм, тхыпхъэщIыпхъэхэм, къэрал дамыгъэхэм, Адыгейм и щэнхабзэм ехьэлIа нэгъуэщI куэдми теухуа тхыгъэ кIэщI.

Мы гъэ еджэгъуэщIэм республикэм япэ классым кIуэнущ сабий 6100-рэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Iуэхум зрагъэубгъу

● Узыншагъэ

Сабийхэм я узыншагъэр щрагъэфIакIуэ «Радуга» санаторэм шыщхьэуIум и 22-м щыпащащ «Здоровые сосуды - это здорово» социальнэ Iуэхум, гу-лъынтхуэ узыфэхэм земыгъэубгъуным теухуам. Ар и жэрдэмщ «КъБР-м и Дохутыр палатэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм.

IУЭХУР къыхэзылъхьахэм а махуэм MESI IэмэпсымэщIэмкIэ къапщытащ «Радуга» санаторэм и лэжьакIуэхэм я лъынтхуэхэм я щытыкIэр. Апхуэдэу упщIэ-жэуап Iэмалыр къагъэсэбэпу лэжьакIуэхэм я псантхуэхэр зыхуэдэр зэхагъэкIа нэужь, абыхэм епсэлъащ атеросклероз узыфэм зэрыпэщIэтынум теухуауэ.

«Здоровые сосуды - это здорово» Iуэхум хэтахэм Iэмал яIащ лъынтхуэ узыфэхэмкIэ хирургымрэ клиникэ психологымрэ я чэнджэщхэм щIэдэIуну.

НАКIЭ Алинэ.

● Энергетикэ

Сом мелард 1,3-рэ хелъхьэ

Мегаватти 10 и лъэщагъыу Къэбэрдей-Балъкъэрым щаухуэну гидроэлектростанц цIыкIум (МГЭС) «Рус Гидро» ПАО-м сом мелард 1,3-рэ хухихынущ. ГЭС-р Шэрэдж щIыналъэм щагъэувынущ. Дэтхэнэми Мвти 3,46-рэ и лъэщагъыу гидроагрегатищ станцым хащIыхьыну я мурадщ. Абы пыщIа лэжьыгъэхэр 2018 гъэм щэкIуэгъуэм и 30-м ирихьэлIэу яухын хуейщ.

ДЫГЪЭГЪАЗЭ кIуам Къэбэрдей-Балъкъэрым Зэрэгъыж ГЭС-р щатащ. Абы Мвт 30,6-рэ и лъэщагъщ, илъэсым ику иту киловатт-сыхьэт мелуани 114-рэ къелэжь. IэщIагъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, щIыналъэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэр щIэхуэбжьэнымкIэ, республикэр токкIэ къызэгъэпэщынымкIэ гидроэлектростанцыщIэм мыхьэнэшхуэ иIэщ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.

● АПК

ЕтIуанэ хэгъуэ

ШыщхьэуIум и пэщIэдзэхэм ирихьэлIэу ди республикэм и мэкъумэш IэнатIэхэм гъавэхэкIрэ джэшхэкIыу къыщрахьэлIэжащ гектар мин 30-м щIигъу. Ар тонн мини 100-м ноблагъэ, зы гектарым хуэзэу къытрахащ центнер 35-м нэс.

IЭЩ гъэхъуным ехьэлIауэ жытIэмэ, нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм хуэзэу яIа Iэщ бжыгъэм елъытауэ процент 1,7-кIэ нэхъыбэщ. Абы хеубыдэ IэщIэвыщIэр, жэм къашхэр, мэл-бжэнхэр. Джэдкъаз кӀудейуэ фермерхэм мелуани 4-м нэс къахуэхъуащ. Ар 2016 гъэм яIам нэхърэ 2,9-кIэ нэхъыбэщ.

Мы махуэхэм нартыхумрэ сэхуранымрэ мэкъумэш техникэхэр пэрохьэ. Дунейр иджыпсту хуэдэу хуабэу, IэгъущэлъэгъущэуекIуэкIмэ, гъавэр мазэ пIалъэм къриубыдэу зэщIакъуэнущ. Тхьэмахуэ зыбжанэкIэ гувауэ хэгъуэм щыщIадзэнущ дунейр щыщIыIэтыIэ IуащхьэмахуэШэрэдж щIыналъэхэм.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Мы махуэхэм

ШыщхьэуIум и 24, *махуэку*

♦**Украинэм и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ**. 1991 гъэм Радэ Нэхъыщхьэм унафэ къищтащ Украинэм къэралыгъуэ щхьэхуэу зыкъызэрилъытэжым теухуауэ.

♦**Къыргъызым и къэрал кIуэцI дзэхэм я махуэщ**

♦**79 гъэм** Везувий вулканыр къибыргъукIащ. Абы щIым щыщ ищIауэ щытащ Помпей, Геркуланум къалэхэр.

♦**1516 гъэм** Алеппэ (Сирие) ищхъэрэIуэкIэ тыркудзэхэм адыгэ мамлюкхэм я дзэхэр щызэтракъутащ, а IэщэмкIэ узэуэныр мызахуагъэу, уеблэмэ щIэпхъаджагъэу къалъытэри, топхэр къагъэсэбэпын ядатэкъыми.

♦**1830 гъэм** дунейм ехыжащ къэбэрдей пщы уэлий хахуэ Жанхъуэт Кушыку.

♦**1853 гъэм** США-м и Нью-Йорк штатым хыхьэ Саратогэ-Спрингс къалэ цIыкIум и ресторанхэм ящыщ зым япэу щагъэжьащ ди зэманым икъукIэ цIэрыIуэ чипсхэр - пIащIабзэу зэтегъэжа кIэртIофым къыхэщIыкIахэр.

♦**1827 гъэм** индустриализацэм и япэ къэрал займхэр къыдагъэкIащ.

♦**1904 гъэм** Урысейм унафэ къыщыдагъэкIащ къуаншагъэ зылэжьа цIыхум тралъхьа тезырыр щрагъэпшынкIэ удын традзэну зэрыхуимытым теухуауэ.

♦**1943 гъэм** Къардэн Къубатий Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр къыфIащащ.

♦**1944 гъэм** советыдзэхэм Кишинёв къалэр хуит къащIыжащ.

♦**1949 гъэм** къэру игъуэтащ НАТО-р къызэгъэпэщыным теухуауэ мэлыжьыхьым Iэ зытрадза зэгурыIуэныгъэм.

♦**1990 гъэм** Таджик ССР-м и Совет Нэхъыщхьэм унафэ къищтащ и къэрал суверенитетым теухуауэ.

♦**1991 гъэм** Горбачёв Михаил КПСС-м и ЦК-м и Секретарь нэхъыщхьэ къулыкъум къызэрытекIыр хэIущIыIу ищIащ икIи ЦК-р зэбгрыкIыжынми къыхуриджащ.

♦**1995 гъэм** Куржым и Конституцэр къащтащ.

♦**2008 гъэм** Пекин щызэхуащIыжащ XXIX Гъэмахуэ Олимп джэгухэр. Ахэр тхуэугъурлат ди республикэм - Пекин дыщэ медаль къриxауэ щытащ ди бэнакIуэ Хъущт Аслъэнбэч.

♦Урысей журналист, тхакIуэ, УФ-м и Президенту щыта Ельцин и пресс-секретару лэжьа **Костиков Вячеслав** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦Адыгэ усакIуэ, зэдзэкIакIуэ **КъумпIыл Къадырбэч** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 22-рэ, жэщым градус 18 - 19 щыхъунущ.

ШыщхьэуIум и 25, *мэрем*

♦**Бразилием щагъэлъапIэ сэлэтым и махуэр**

♦**1609 гъэм** Италием щыщ физик, астроном Галилей Галилео цIыхухэм яригъэлъэгъуащ и IэмэпсымэщIэр - телескопыр.

♦**1919 гъэм** дунейм щыяпэу Лондон - Париж гъуэгуанэм кхъухьлъатэхэр трагъэуващ икIи пIалъэ пыухыкIам тету рейсхэр ягъэзащIэу щIадзащ.

♦**1944 гъэм** Берлин и Плётцензее гъэрэщым щаукIащ фашизмэм и бий гупым щыщхэр. Абыхэм яхэтащ тэтэр усакIуэ, иужькIэ «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэр зыфIащыжа Джалиль Муса.

♦**1944 гъэм** Франджым и къалащхьэ Париж нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм къыIэщIагъэкIыжащ.

♦**1949 гъэм** Москва къыщызэIуахащ мамырыгъэм и телъхьэхэм я япэ Союзпсо конференцыр

♦**1960 гъэм** Италием и къалащхьэ Рим къыщызэIуахащ XVII Гъэмахуэ Олимп джэгухэр. Ахэр фокIадэм и 11 пщIондэ екIуэкIащ.

♦**1973 гъэм** томограф IэмэпсымэрЯпэу къагъэсэбэпащ.

♦**1990 гъэм** Абхъазым и Совет Нэхъыщхьэм хэIущIыIу ищIащ я щIыналъэр Куржым и унафэм зэрыщIэмытыжыр.

♦**1991 гъэм** Белоруссиер къэрал щхьэхуэ зэрыхъуам теухуа унафэ къащтащ.

♦**1997 гъэм** УФ-м и Президент Ельцин Борис Iэ щIидзащ «Культура» урысейпсо къэрал телеканалыр къызэгъэпэщыным теухуа унафэм.

♦Рюриковичхэ ящыщ япэ урыс пащтыхь, адыгэ малъхъэ **Иван IV Грозный** къызэралъхурэ илъэс 487-рэ ирокъу.

♦Совет кинорежиссёр, актёр, СССР-м и цIыхубэ артист **Данелие Георгий** и ныбжьыр илъэс 87-рэ ирокъу.

♦Инджылыз, америкэ киноактёр, продюсер, «Оскар» саугъэтыр зыхуагъэфэща **Коннери Шон** и ныбжьыр илъэс 87-рэ ирокъу.

♦УФ-м и цIыхубэ артисткэ **Тереховэ Маргаритэ** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Кинорежиссёр, сценарийхэр зытх, продюсер, УФ-м и цIыхубэ артист **Соловьёв Сергей** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Футболист, гъэсакIуэ, СССР-м спортымкIэ и мастер, «Рубин» командэм и тренер нэхъыщхьэ **Бердыев Курбан** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦Нейрохирург, медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Семэн Жаннэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Публицист, «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм и унафэщI **Къэзанш Людмилэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Нэмыцэ модель, актрисэ, жылагъуэ лэжьакIуэ **Шиффер Клаудие** и ныбжьыр илъэс 47-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 22-рэ, жэщым градус 16 - 17 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Псэр ящэри, напэ къащэху.

ФщIэн папщIэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIащIэгъуэкIэ цIыхухэр здэпсалъэ хъун телефонхэр:
8(8662) 40-89-70, 40-34-32.

1937 ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ

ЦIыхухэм пэж куэд щыжепIэф утыку дахэ

«Театрыр дунейм пэж куэд щыжепIэф утыкущ» - псалъэ пэжхэр итхауэ щытащ Гоголь Николай. Адыгэхэм я театр гъуазджэм и лъабжьэр жыжьэ къыщежьэми, Къэбэрдей къэрал драмэ театр дызэриIэрэ илъэс 80 хъууэ аращ.

ТХЫДЭМ къызэрыхэщыжымкIэ, япэ дыдэ адыгэ спектаклхэр Псыгуэнсу къуажэм щыщ егъэджакIуэ Гуанэ Сохъутэрэ (арат «Неграмотный - что слепой» пьесэр зэзыдзэкIари зыгъэувари) Старэ Шэрэдж къыдэкIа Борыкъуей ТIутIэрэ («Одолели» пьесэр) курыт еджапIэм и самодеятельнэ театрхэм щагъэуващ щытащ. Театрым и тхыдэм увыпIэ щхьэхуэ щиубыдащ «Хэт ейр нэхъыфI?» пьесэм. А спектаклым теухуауэ «Къэбэрдей Плъыжь» газетым итхат: «... А лъэбакъуэ дахэр Къэбэрдей театрым и щэнхабзэ ухуэныгъэм и щIэдзапIэу къэплъытэ хъунущ».

ЛэжьакIуэбэр театр гъуазджэм дегъэхьэхынымкIэ ЛУГ-ми къалэнышхуэ игъэзэщIащ. Ар къэзыухахэр республикэм и къуажэхэм щызэбгрыкIыурэ абыхэм гупжьейхэр къыщызэрагъэпэщырт. Къалэхэмрэ щIыналъэхэмрэ щекIуэкI махуэшхуэ зэхыхьэхэм ЛУГ-м и НыбжьыщIэ театрыр сыт щыгъуи ирагъэблагъэрт.

30 гъэхэм я пэщIэдзэм Шортэн Аскэрбий ЛУГ-м и театрым папщIэ зы акт фIэкIа мыхъу «Бэнэныр иухакъым», «Гъавэм щIэбэнын», «Кулак Абазэ», «Мэзым и цIыхухэр» пьесэхэр итхащ.

Къэбэрдей театр гъуазджэмрэ драматургиемрэ дежкIэ хэлъхьэныгъэшхуэу къалъытэ бгырыс бзылъхугъэм и щхьэхуитыныгъэм теухуауэ Блай Къэрэщей и IэдакъэщIэкIа «Зулий» пьесэр. Уасэшхуэ къыщIахыу лIы ирата Зулий тхьэмыщкIэ, жагъуэлIым дэмыпсэун щхьэкIэ, псым зыхедзэжри, зеукIыж.

1931 гъэм Налшык къыщызэрагъэпэщащ лъэпкъ гъуазджэмкIэ япэ щIыналъэ зэпеуэ. Къэбэрдей тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIыу абы щагъэлъэгъуащ «Къэбэрдейр дыгъуасэрэ нобэрэ», «ЛIыжьхэр» пьесэхэр. ЛУГ-м и курсантхэм я зэфIэкI лъагэм пэкIуэу хуагъэфэщат Гъуазджэхэмкlэ Союзпсо олимпиадэу Москва щекIуэкIынум езыгъэблагъэ тхылъ.

Олимпиадэм и ужькIэ ВКП(б)-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым унафэ къищтауэ щытащ художественнэ гупхэр къызэгъэпэщыным теухуауэ. 1933 гъэм ныбжьыщIэхэр зрагъэплъынухэр щагъэув театррэ ЛУГ-м актёрхэр щагъэхьэзыр и къудамэрэ къызэрагъэпэщащ. Абы щIагъэтIысхьахэм ящыщщ Шэрий Азрум, Жыгун Тимэ, Сибэч Быхуэ, Къумахуэ Хужьэ, Балъкъэр Калисэ сымэ, нэгъуэщIхэри.

Абы щеджэху, ныбжьыщIэхэмрэ Лъэпкъ колхоз театрым хэтхэмрэ жыджэру зэдэлажьэрт. Шэджыхьэщlэ Пщыкъанрэ Нало Жансэхъурэ зэгъусэу ятха «КIуэрыгъуэт» пьесэр а гупитIым зэгъусэу ягъэуващ. Пэжщ, ар лъэпкъ драматургием и хэлъхьэныгъэшхуэт, ауэ ар мащIэт зыужьыныгъэм хуэпабгъэ лъэпкъым дежкIэ. Пьесэ нэс къэбэрдей литературэм зэрыхэмытым къыхэкIыу, Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ исполкомымрэ Гъуазджэ Iуэхухэмкlэ управленэмрэ ирагъэкIуэкIащ пьесэ нэхъыфIхэр республикэм щызекIуэ къэралыбзэхэмкIэ зэдзэкIыным теухуа зэпеуэ.

1937 гъэм накъыгъэм и 1-м Къэбэрдей колхоз-совхоз театр къызэIуахащ. Абы и художественнэ унафэщIуи и режиссёр нэхъыщхьэуи ягъэувар Станиславский Николайщ. А театрым щылэжьэн щIадзащ Тубай М., ДыщэкI КIу., Шортэн Д., Къардэн Хь., Гуо А., Гъуэныбэ Л., Къамбий Т., Нартыжь С., Сэхъу Къ., Къэбэрдокъуэ А. сымэ.

ЯПЭ ТЕАТР сезоныр къызэIуахащ Корнейчук Александр и «Платон Кречет» пьесэм къытращIыкIа спектаклымкIэ. Ар щагъэхьэзырым набзэгубзаплъэу кIэлъыплъащ иужькIэ театрым зи цIэр фIаща ЩоджэнцIыкIу Алий. Лъапэ махуэ ежьа гупым 1939 гъэм Тубай Мухьэмэд и «Мэжидрэ Мэрятрэ» пьесэм къытращIыкIа спектаклыр ехъулIэныгъэшхуэ иIэу игъэуващ. ЛIакъуэ зэхуэмыдэм къыхэкIа зэпсэгъуитIым ятеухуа пьесэм цIыхухэр занщIэу дихьэхат. А гъэ дыдэм театреплъхэм я пащхьэ иралъхьащ Шортэн Аскэрбий и «Батыр и къуажэ» пьесэр. Граждан зауэм и мафIэ лыгъэм хэт бгырысхэм я образыр гъэщIэгъуэну къыщыгъэлъэгъуащ абы.

Тубай Мухьэмэдрэ Шортэн Аскэрбийрэ я пьесэхэр къэбэрдей драматургием зегъэужьынымкIэ хэлъхьэныгъэфIт. «Къэбэрдей драмтеатрым иужьрей зэманым зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэр дамэ зыхуэхъуа гупым адыгэ театрым и лъабжьэр егъэтIылъ», - итхауэ щытащ Станиславскэм а гъэхэм.

1939 - 1940 гъэхэм «Партизанхэр» (Къэбэрдокъуэ А.), «Гуащэхъан и гъащIэр» (Мэшыкъуэ Хь.), «Жамбот», «Iэюб» (Елмэс Хь.) пьесэхэр дунейм къытехьащ.

Колхоз-совхоз театрым зэман кIэщIым къриубыдэу цIыхухэм гъуазджэм гулъытэ хурагъэщIын хузэфIэкIащ. «Платон Кречет»-м къыкIэлъыкIуэу «Коварство и любовь» (Шиллер Фридрих), «Честь» (Мдивани Георгий), «Женитьба» (Гоголь Николай) пьесэхэм къытращIыкIа спектаклхэри ехъулIэныгъэ яIэу республикэм и щIыналъэхэм щагъэлъэгъуащ.

Актёрхэмрэ режиссёрхэмрэ гъэхьэзырынымкIэ къалэнышхуэ игъэзэщIащ ГИТИС-м. Театрым щылэжьэнухэр а IэщIагъэм щыхуагъасэу къэралым къыщызэIуаха япэ еджапIэ нэхъыщхьэм куэд хузэфIэкIащ СССР-м ис лъэпкъхэм профессиональнэ гъуазджэ яIэ хъунымкIэ. Къапщтэмэ, Къалмыкъ БетIал и лъэIукIэ 1934 гъэм ди республикэм къеблэгъауэ щытащ ГИТИС-м и унафэщI Стешенкэ-Фурмановэ Аннэ. Театрым ди республикэм щигъуэта зыужьыныгъэр илъэгъуа нэужькIэ, езыр зи унафэщI еджапIэм адыгэ, балъкъэр студиехэр къыщызэIуахыну абы унафэ ищIат. А Iуэхум къыдэкIуэу Налшыки къыщызэрагъэпэщащ программэ гъэкIэщIакIэ щрагъэджэну театральнэ техникумхэр. Абы и унафэщIу ягъэуващ режиссёр, егъэджакIуэ бэлыхь Кручининэ Аннэ.

ГИТИС-м и доцент Ефремовэ Аннэрэ РСФСР-м и цIыхубэ артист Судаков Ильярэ я нэIэ щIэту 1935 гъэм къыхахауэ щытащ Москва щрагъэджэну адыгэ, балъкъэр студентхэр. Ахэращ ди республикэм икIа актёр гупхэм я унафэщIу щытари.

МХАТ-м и егъэджакIуэ цIэрыIуэхэу Андерс А., Геворкян М., Иофин Г., Калинин С., Ованесов Н., Рахмановэ С. сымэ, нэгъуэщIхэми ныбжьыщIэхэм гулъытэ ин къыхуащIу къелIалIэрт, театр щэнхабзэм и IэщIагъэлI пэрыт къызэрыхащIыкIыным хущIэкъурт. «Я лъэпкъ фащэхэр ящыгъыу ахэр Москва къыщыкIуэкIэ, я лъэпкъ щхьэхуэныгъэхэм щыщ Iыхьэ къыздашэ, - жиIэрт Стешенкэ-Фурмановэ Аннэ.

«Къалащхьэм цIыхум и къэухьым зрегъэужьыф пIалъэ кIэщIым къриубыдэу, апхуэдэуи гъуазджэм и IэфIыр зыхрегъащIэ. Дэ дгъэхьэзыр актёрхэм театрыр фIыуэ едгъэлъагъум и мызакъуэу, ягу ирихьамрэ иримыхьамрэ жаIэфу идогъасэ.

Сэ хуабжьу сыхущIэкъурт си нэIэ щIэт студием щеджэхэм я адыгэ хьэлыр къэзубыдыну. Театрым и къалэныр утыкум хуиту къыщыпсалъэ, спектаклхэм екIуу щыджэгун актёр къыщIэдгъэкIыным и закъуэкъым. Лъэпкъ гупсысэр зыпкърыт, къызыхэкIа лъэпкъым и дамыгъэ зытелъ, псалъэм и мыхьэнэр театреплъхэм я деж нэзыхьэс, лъэпкъ гъэсэныгъэм щIэгъэкъуэн хуэхъу артист дгъэхьэзырынырщ дызыхущIэкъур», - жиIэрт Ефремовэм. Абы Станиславскэм и студием щеджэхэр и нэIэ щIигъэтт икIи абыхэм ярит чэнджэщхэм тету ирагъэджащ япэ профессиональнэ артист гупыр.

ЕгъэджакIуэ Iэзэхэм я ущиехэм щIэдэIуу, къалащхьэм и театр нэхъыфIхэм щагъэув спектаклхэм зыщагъэгъуазэу еджа щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ сценэм и хабзэхэр зыхалъхьащ, образ иувэкIэм хуэIэзэ, театр гъуазджэм и унэтIыныгъэхэм хащIыкI хъуащ.

1940 гъэм бадзэуэгъуэм и 15-м театр щIэныгъэ нэхъыщхьэ яIэу республикэм цIыху 60-м къагъэзэжащ. Къэбэрдей театрым и актёр ныбжьыщIэхэм я художественнэ унафэщIу ягъэувар нэхъапэми гупым ядэлэжьа Ефремовэ Аннэщ. НыбжьыщIэхэм республикэм къыздашэжат театр гъуазджэмкIэ еджагъэшхуэхэм къыхалъхьа Iэзагъэр.

Студием щагъэхьэзыра лэжьыгъэхэр къызэрагъэлъагъуэм еплъыну республикэм къэкIуат СССР-м и цIыхубэ артист, искусствоведениемкIэ доктор Тарханов Михаил. Колхоз-совхоз театрым и артистхэмрэ ГИТИС-р къэзыухахэмрэ лъэпкъ театрым зрагъэужьыну узыгъэгугъэ гуп дыгъэл хъуат. Театрыр къыщызэIуахар Октябрь революцэр къызэрыхъурэ илъэс 23-рэ щрикъу махуэрщ. Абы иужькIэ къыдэкIа «Социалистическая Кабардино-Балкария» газетым къытрадзат: «Жэпуэгъуэм и 26-м къыщыщIэдзауэ ди республикэм и щэнхабзэ гъащIэр зыужьыныгъэм и лъагъуэщIэм теуващ. ГИТИС-р къэзыухахэм къыкIэлъыкIуэ махуэм и пщыхьэщхьэм Бомарше и «Женитьба Фигаро»-р япэу ягъэлъэгъуащ. Ар зыгъэува Ефремовэмрэ абы и нэIэ щIэт гупымрэ наIуэ ящIащ а илъэситхум зыхурагъэджар зэрамыгъэкIуэдар».

Ипэ ита спектаклхэмкIэ театреплъыр къызэщIагъаплъэри, Къардэнгъущl Зырамыку и «Къанщобийрэ Гуащэгъагърэ» пьесэр утыку кърахьащ. А япэ профессиональнэ спектаклыр адыгэ щэнхабзэм и дыщэ фондым хагъэхьащ. ГИТИС-р къэзыуха щIалэщIэм и творческэ ехъулIэныгъэм а пшыхьым къриxьэлIахэу ЩоджэнцIыкIу Алийрэ Елбэрд Хьэсэнрэ псом хуэмыдэу щыгуфIыкIат. «Къанщобийрэ Гуащэгъагърэ» спектаклыр дэнэ щамыгъэлъагъуэми, цIыхухэм хуабжьу ягу ирихьырт. ГИТИС-м и Къэбэрдей студием щеджахэу Къанымгъуэт С., Сонэ М., (Къанщобий), Къалмыкъ Н., Балъкъэр К. (Гуащэгъагъ), Iэтэ С., Сибэч Б. (Iэсият), Болэ М., Атэлыкъ Т. (Заудин), Сонэ Б. (пщы Джэрий), Афэ И., Ерчэн С., (къырым хъан), Шэрий А., Жыгун Т. (хъаныкъуэ), Ало Л., Къардэнгъущl З. (Амир уэрэджыIакIуэр), Мамрэш И., (Къанщауэ), Ало Хь. (Данэху) сымэ гукъинэжу щыджэгуащ абы. А спектаклыр театр ныбжьыщIэм и творческэ гъуэгуанэшхуэм и щIэдзапIэфIт.

ХЭКУ ЗАУЭШХУЭМ щIидза иужькIэ Къэбэрдей театрымрэ драматургиемрэ я лэжьыгъэм и унэтIыныгъэми зихъуэжащ. Абыхэм я къалэнт нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм цIыхубэр япэщIэтынымкIэ гушхуэныгъэ къахэзылъхьэну спектаклхэр ягъэувыну. КIэщIу жыпIэмэ, гъуазджэм и къарукIэ биишэм пэщIэувэн хуейт.

Зауэр иджыри щIидза нэужь гъуазджэм, литературэм я лэжьакIуэ цIэрыIуэ гупышхуэ, СССР-м и цIыхубэ артист Немирович-Данченкэ Владимир я пашэу, Налшык къагъэкIуауэ щыIэт. 1941 гъэм фокIадэм и 21-м «Женитьба Фигаро» спектаклыр щагъэлъагъуэм Немирович-Данченкэ ирагъэблэгъауэ щытащ. «Пэжым ухуеймэ, си гугъакъым апхуэдэ артист дыгъэл гуп Налшык сыщрихьэлIэну. Абыхэм утыку итыкIэ екIу яIэщ, я ролхэр уи фIэщ хъууэ ягъэзащIэ, нэхъыщхьэращи, спектаклым и зэхэлъыкIэм къемызэгъ е абы и гупсысэ нэхъыщхьэр щIэзыхъумэ лъэпкъ щхьэхуэныгъэхэр къебэкIыркъым. Ухуеймэ, а щхьэхуэныгъэхэр екIуу хаухуанэ», - жиIат иужькIэ абы.

Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр къыщыттеуагъащIэм лIыхъужьыгъэ, хэкупсэ лъагъуныгъэр къызыхэщ пьесэ хьэзыр Къэбэрдей театрым иIакъым. Актёрхэм я нэхъыбэр зауэм зэрыдашам Iуэхур нэхъри гугъусыгъу ищIырт. Абы къыхэкIыу театрым и программэм хагъэхьат зауэм теухуа усэхэр, тхыгъэхэм щыщ пычыгъуэхэр, зы акт фIэкIа мыхъу пьесэ тIощIым нэблагъэ. Апхуэдэт Станиславский Константинрэ Темыркъан Хьэтурэ ятха «Якъуташ», «Абы къигъэзэжынущ», «Нэхущым», «ХьэщIэ» жыхуиIэхэр. Ахэр 1941 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм республикэм щагъэлъэгъуэн щIадзат.

Къэбэрдей литературэм и фIыпIэу къалъытэхэм ящыщ, усэу тха «Дахэнагъуэ» драмэ поэмэр Хэку зауэшхуэм и пэщIэдзэм Акъсырэ Залымхъан и IэдакъэщIэкIащ. Театрым и бжьыхьэ сезоныр Акъсырэм и IэдакъэщIэкIым къытращIыкIа спектаклымкIэ къызэIуахыну 1942 гъэм шыщхьэуIум и 4-м «Социалистическая Кабардино-Балкария» газетым къытрадзат, арщхьэкIэ, нэмыцэхэр ди щIыналъэм къизэрыгуа иужькIэ, а Iуэхур къагъэнэжын хуей хъуащ.

Зауэм и гуащIэгъуэм театрым «Чапаев» (Лунин Сергей), «Лекарь поневоле» (Мольер Жан-Батист), «Iэсхьэд и щхьэ» (Къэбэрдокъуэ А.), «Луизэ», «Танкистищ» (Шортэн Аскэрбий) пьесэхэр щагъэуващ.

Нэмыцэхэм ди щIыналъэр щаубыда лъэхъэнэм къанэ щымыIэу ухуэныгъэхэмрэ унэхэмрэ ирагъэщэхэжат. IэщIагъэлI куэдым я IэдакъэщIэкIхэр мафIэ лыгъейм хисхьат. Псом нэхърэ нэхъ гущIыхьэт актёр, режиссёр пэрытхэр зауэм зэрыхэкIуэдар.

Театрым и лэжьыгъэр икIэщIыпIэкIэ зэфIагъэувэжыным хуэгъэпсауэ ВКП(б)-мрэ ЦIыхубэ комиссархэм я советымрэ унафэ зыбжанэ ящIащ. Абы и фIыгъэкIэ 1943 гъэми мэлыжьыхь мазэм театрым и гупым республикэм и щIыналъэхэм зыкъыщагъэлъэгъуэн щIадзэжащ. Зауэ нэужь лъэхъэнэм щIэупщIэ ин иIэу театрым «Къанщобийрэ Гуащэгъагърэ», «Лекарь поневоле», «Жди меня» (Симонов Константин), «Как закалялась сталь» (Островский Николай), «Слуга двух господ» (Гольдони Карлэ), «Медведь», «Предложение», «Хирургия» (Чехов Антон) сымэ я тхыгъэхэр я лъабжьэу спектаклхэр щагъэуващ.

Республикэм и щэнхабзэ гъащIэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэт драмтеатрым и унэщIэ къызэрызэIуахар. Абы япэу щагъэлъэгъуар Акъсырэ Залымхъан и «Дахэнагъуэ» пьесэрщ. Ар утыку къыщрахьащ Лъэпкъ театрхэм я урысейпсо выставкэу РСФСР-м гъуазджэ IуэхухэмкIэ и управленэм къызэригъэпэщам. 1944-м и дыгъэгъазэ мазэм щегъэжьауэ 1945 гъэм и мазае хъуху екIуэкIа гъэлъэгъуэныгъэм Къардэнгъущl Зырамыку и «Къанщобийрэ Гуащэгъагърэ», Горький Максим и «Васса Железнова», Гольдони Карлэ и «Слуга двух господ» спектаклхэм цIыхухэр щагъэгъуэзащ.

Зауэ зэман хьэлъэм ди цIыхухэм къагъэлъэгъуа лIыхъужьыгъэмрэ къэмылэнджагъэмрэ хуэгъэпсат «ЗэхэгъэкIыныгъэ» (Теунэ Хьэчим), «Къэбэрдей щIалэ» (Тубай Мухьэмэд) спекталхэр.

1946 гъэм и щIышылэ мазэм, республикэр щхьэхуит зэращIыжар илъэсищ зэрырикъур щагъэлъапIэм ирихьэлIэу, «Дыгъэр къыщыщIэкIым» (Акъсырэ Залымхъан) пьесэмкIэ ягъэува спектаклым и премьерэ щыIащ.

ЗАУЭ НЭУЖЬЫМ Къэбэрдей театрым артистхэр къемэщIэкI зэрыхъуам къыхэкIыу, СССР-м и ЦIыхубэ комиссархэм я советым деж щыIэ, Гъуазджэ IуэхухэмкIэ комитетым хуит ищIри, 1944 гъэм илъэсищкIэ щрагъэджэну лъэпкъ драмэ студие къызэрагъэпэщащ. 1946 гъэм щIышылэм и 15-м абы щеджахэм я диплом лэжьыгъэу «Къанщобийрэ Гуащэгъагърэ» (Къардэнгъущl Зырамыку), «Нэхур къыщыщIэнэм щыгъуэ» (Шортэн Аскэрбий), «На бойком месте» (Островский Александр) ягъэлъэгъуащ.

Шортэным и «Нэхур къыщыщIэнэм щыгъуэ» тхыгъэр гъащIэщIэм теухуа япэ адыгэ пьесэу къалъытэ. Абы япэу къэбэрдей литературэм и лIыхъужь нэхъыщхьэу къыщыувыр бзылъхугъэщ. Инженер-гидростроитель ФатIимэт IэщIагъэщIэм и лIыкIуэ къудейкъым, атIэ ар гупсысэщIэ, дуней лъагъукIэщIэ зиIэ цIыхущ.

Зэманыжьым и бийхэм ятеухуащ Шортэн Аскэрбий и «Зы унагъуэ гуэрым» пьесэри. Зауэ нэужь зэманым цIыхухэр зыIууа лъэпощхьэпохэмрэ гъащIэм игъуэта зыужьыныгъэмрэ «Алъхъо» (КIыщокъуэ А.), «ГуфIэгъуэ пщэдджыжь» (Щоджэн Т.), «Свадьба в МТС», «Тыгъуэр и щыуагъэ» (Щхьэгъэпсэу М.) пьесэхэм я лъабжьэ хъуащ.

1950 гъэм жэпуэгъуэм и 26-м «Къамботрэ Лацэрэ» спектаклым и премьерэ щыIащ. Къэралым щекIуэкI политикэм ижь къызыщIиху литературэми темэ нэхъыщхьэу къыщаIэтыр политикэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэрат. Апхуэдэу XX лIэщIыгъуэм и 50 гъэхэм Шортэн Аскэрбий «Партым и лIыкIуэ» пьесэр и IэдакъэщIэкIащ. XVI лIэщIыгъуэм Къэбэрдейм и щхьэ къыщхьэщыжын, Кърымымрэ Тыркумрэ защихъумэн мурадкIэ Урысейм зэрыгухьэр гъэщIэгъуэну къыщыгъэлъэгъуащ Шортэным 1956 гъэм итха «ИгъащIэкIэ» пьесэм. Тхыдэр зи лъабжьэ а тхыгъэм Аскэрбий наIуэ щищIыфащ къэбэрдей лъэпкъыр зэрыта щытыкIэ гугъур, лъэныкъуитIымкIи мыхьэнэ зиIа лъэбакъуэм кърикIуахэм.

КЪЭБЭРДЕЙР Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 щрикъум и щIыхькIэ Москва къыщызэрагъэпэща декадэр «ТIэмашэ и бынунагъуэр» (Щхьэгъэпсэу М.) гушыIэ спектаклымкIэ къызэIуахауэ щытащ. Декадэм и программэм хагъэхьат усакIуэ Iэзэ Апушкин Я. зэридзэкIауэ Акъсырэ Залымхъан и «Дахэнагъуэ» пьесэри. Литературэдж цIэрыIуэ Либединский Юрий итхат: «Акъсырэ Залымхъан и пьесэм пасэ зэманымрэ иджыреймрэ гъэщIэгъуэну щызэпыщIащ. ТхакIуэ Iэзэу ущытын хуейщ, ижь-ижьыж лъандэрэ лъэпкъым къыдекIуэкI IуэрыIуатэр пьесэ жыпхъэм ибгъэзагъэу усэбзэкIэ къэпIуэтэжын папщIэ. Акъсырэм и пьесэр ехъулIэныгъэшхуэ иIэу Москва и Театр Нэхъыщхьэм щагъэлъэгъуащ».

Къэбэрдей театрыр творческэ балигъыпIэ иувауэ къалъытащ Гоголь Николай и «Ревизор»-р щагъэувам. Абы хэт лIыхъужькхэм я «хьэлыр» къызэкIуэцIыхыным хуабжьу егугъуат артистхэр, цIыхухэр гуапэу къызэрыпэджэжам тепщIыхьмэ - къайхъулIат. ГИТИС-м и профессор, РСФСР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и артист Пыжовэ Ольгэ «Артисты горной Кабарды» статьям щитхат: «Къэбэрдей артистхэр пьесэм и гупсысэр къэIуэтэным йогугъу. НэрылъагъущI абыхэм Горькэм и пьесэр кууэ зэрызыхащIар икIи тхакIуэм щIилъхьа щIагъыбзэри Iэзэу театреплъым деж нахьэсыжыфащ. Псом хуэмыдэу уи гуапэ мэхъу урыс тхакIуэшхуэм и IэдакъэщIэкIыр нэгъэсауэ къэбэрдей артистхэм ди утыкум зэрыщагъэлъагъуэр. «Ревизор»-р Къэбэрдей театрым и ехъулIэныгъэшхуэщ».

«ТIэмашэ и бынунагъуэр», «Дахэнагъуэ» спектаклхэри театреплъхэм ягу ирихьауэ къыпэджэжащ абы щыгъуэ. ЖыпIэ хъунущ Москва щекIуэкIа декадэр къэбэрдей литературэмрэ гъуазджэмрэ я зыужьыныгъэм къежьапIэфI хуэхъуауэ. Абы и ужькIэ, 1958, 1975, 1988 гъэхэм ГИТИС-ми, Щукиным и цIэр зезыхьэ театр училищэми, артистхэр щагъэхьэзыр нэгъуэщI еджапIэ нэхъыщхьэхэми адыгэ театрым и лэжьакIуэхэр щрагъэджащ. Ахэращ нобэми лъэпкъ театрым и пщIэр зыIэтыр. Абыхэм ящыщщ ЖьакIэмыхъу КIунэ, Мысостышхуэ Пщызэбий, Балъкъыз Валерэ, Шыбзыхъуэ Басир, Мэшыкъуэ Феня, КIэмыргуей Валентин, Хъыдзэдж Борис, Хьэмыку Жаннэ, Лу Рэмэзан, Иуан Владимир, Къумахуэ Мухьэдин, БжэIумых Беллэ, Къэжэр Борис, Щэрмэт Людмилэ, Мысост Вадим, Хьэщэ Къанщобий, Тхьэщыгъуей Жаннэ, Хьэмырзэ Ахьмэд, КIэхумахуэ ФатIимэ, ТIымыжь Владимир сымэ, нэгъуэщIхэри.

Спектаклхэм яIэну ехъулIэныгъэм и Iыхьэшхуэ режиссёрым елъытащ. Пьесэ гуимыхуж гъэщIэгъуэнхэр ягъэуващ Ерчэн Леонид, Теувэж СулътIан, Шэрджэс Мухьэмэд, Фырэ Руслан, Дэбагъуэ Роман сымэ, нэгъуэщIхэми. УщымыгуфIыкIынкIэ Iэмал иIэкъым театрым хуэфащэн щIэблэ къызэрыщIэхъуэм.

Къэбэрдей театрым и зэфIэкI лъагэр, ди щIыналъэм и мызакъуэу, хамэ къэралхэми щигъэлъэгъуащ. Ар щыIащ Тыркум, Сирием, Иорданием, США-м, къищынэмыщIауэ, Москва, Дон Iус Рос-тов, Псыхуабэ, Сыхъум, Сочэ, Элиста, нэгъуэщI къалэхэм.

«Лъэпкъ гупсысэм и зыужьыныгъэр абы и театрымкIэ къыпхуэщIэнущ. Уи театр уиIэжыныр, абы уи анэдэлъхубзэ щыIуныр насыпышхуэщ», - жиIэгъащ Островский Николай. Театрыр зищIысыр къызыгурыIуэ дэтхэнэ адыгэри Къэбэрдей драмэ театрым иримыгушхуэнкIэ Iэмал иIэкъым. Абы и ныбжьыр илъэс 80 зэрырикъуамкIэ абы щылажьэ гуп дахэм дохъуэхъу. Театреплъырэ спектаклыщIэрэ щымыщIэу иджыри куэдрэ лъэпкъ кIыщым щылъэщэну, узыншагъэрэ дэрэжэгъуэрэ яIэну ди гуапэщ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Къэбэрдей къэрал драмэ театрыр 2017

● Гъуазджэ

«Унэ лъапIэм» адэ-анэр щопуд

ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым спектаклыщIэ зыбжанэкIэ мы гъэм дигъэгуфIащ. ЦIыхухэм ягу дыхьащ, къытрагъэзэжу еплъкIи зызыщамыгъэнщI хъуащ балъкъэр тхакIуэ Ольмезов Мурадин и «Унэ лъапIэр». Ар зыгъэувар УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и художественнэ унафэщI Фырэ Русланщ.

СПЕКТАКЛЫМ хэтщ театрым и артист пажэхэу Шыбзыхъуэ Басир, БжэIумых Барисэт, Щэрмэт Людэ, Мысост Вадим, Шал (КIэхумахуэ) ФатIимэ, Хьэмырзэ Ахьмэд, Балъкъэр Тамарэ, Мысостышхуэ Маринэ, Шыпш Къантемыр, Къурмэн Регинэ сымэ.

Зэманым пэджэж, цIыху куэд зыгъэпIейтей, унагъуэ IэджэмI зыкъыщацIыхуж спектаклым узыщIегъэгупсысыж. Бынымрэ адэанэмрэ я акъыл зэрызэтемыхуэм, лэжьыгъэмрэ унагъуэмрэ щхьэусыгъуэ ящIу, быным жьы хъуа я адэ-анэм гулъытэ зэрыхуамыщIыжыр IупщIу къыщыгъэлъэгъуащ абы.

Пьесэм и лIыхъужь нэхъыщхьэхэу Мэжидрэ Цацэрэ бынитI яIэти, унагъуэу ягъэтIысыжри, я лэжьапIэхэм пэгъунэгъуу къалэм ягъэIэпхъуауэ, езы тIум я закъуэ дыдэу къуажэм дэсщ. ЗэщхьэгъуситIым я бынхэр, къуэрылъху-пхъурылъхухэр ягу къэкIми, ахэр илъэс никъуэкIэ къыщымыкIуэж къэхъуми, зыри жраIэфыркъым. Зэгуэрым, зэдэлъхузэшыпхъум (Жамботрэ ФатIимэрэ) я унагъуэхэр я гъусэу адэ-анэм я деж къокIуэжри, къуажэм дэт унэр ящэжу ахэр къалэм ягъэIэпхъуэну зэрамурадыр къраIуэкI. ЯпэщIыкIэ абыхэм жаIэ я адэ-анэм зэрапэIэщIэр хуабжьу къехьэлъэкIыу, ауэ, къызэрыщIэкIымкIэ, унэжьыр лъапIэу зыщэхун къыкъуэкIати,

Фырэ Руслан

къуэмрэ пхъумрэ ар ящэу, ахъшэр ягуэшыжыну унафэ ящIауэ арат.

«Зы къулей гуэрым ди унэр ещэху», псалъэхэр бдзапцIэшэу зэпхедз адэ-анэм я гум. «Дэ зи гъужыгъуэ хъуа жыгыжьым дыхуэдэщ, дэнэ деж дыщыхэпсэми - дыхэкIэжынукъым», - быным пэрыуэну хуэмейми, лIыгъэ зыхалъхьэри жаIэ лIыжь-фызыжьым. Ахъшэм зи нэр къыщипхъуа быным, унэм къыщIахыну мылъкум фейдэ кърагъэщIыну траухуащи, я мурадым я Iэр трагъэхуэну я макъым зрагъэIэт, зэми яфI зыкърашэж.

А псалъэмакъым и ужькIэ мазитIым щIигъукIэ къэкIуэжакъым зэдэлъхузэшыпхъур я адэ-анэм я деж. Уеблэмэ, загъэгусати, я гущIыIагъэмкIэ яукIыу, дахэ-дахэу телефонкIи къепсалъэртэкъым къэзылъхуахэм. Бын лъагъуныгъэм зи гур хъыбий ищIа лIыжь-фызыжьым машинэ макъ зэхахыхукIэ къоскIэ, я быныр къэкIуэжауэ гугъэу.

Махуэ гуэрым, Мэжид и закъуэ фIэкIа пщIантIэм дэмысу, абы и къуэрылъху Тимур гужьеяуэ, зыгуэрым зэригъэгузавэр плъагъуу, унэм къыщIолъадэ. КъызэрыщIэкIымкIэ, абы наркотик иIыгъыу полицэм кърахужьэри, закърымыгъэубыдын щхьэкIэ иIыгъа псори псым хикIутат. Иджы абы щхьэкIэ къытехуа щIыхуэр ирагъэпшыныжыну, имыпшыныжмэ, яукIыну кърахуэкIырт. Iуэхур зытетыр къызыгурыIуа лIыжьыр япэщIыкIэ фочым епхъуащ, итIанэ, абыкIэ щытыкIэр нэхъ куу ищIынкIэ зэрыхъунур къыгурыIуэри, тесабырэжащ. А махуэ дыдэм и бынхэр зэхуишэсри яжриIащ и къуэрылъхур кърригъэлын, наркотикым и къапхъэн бзаджэм къыIэщIихын папщIэ я унэр ищэу и щIыхуэр хуипшыныжыну зэрыхьэзырыр. Ар зэхэзыха пхъур губжьауэ къилъащ. Абы жиIэрт наркотик зэ зэзыхьэлIар абы къыпхуIэщIэмыхыжыну икIи апхуэдэ ахъшэшхуэ тебгъэкIуэдэныр щыуагъэшхуэу. Нысэмрэ и дэлъхумрэ яхуэмыфащэ яжриIэурэ игъэпудырт. Ар хуэмышэчу нысэр мэгубжьри, и щхьэгъусэм фIонэ. Жамботи зыхуэмыIыгъыжу и щхьэгъусэм бгъэдэкIын мурад зэрищIамкIэ зеумысыж. А псалъэмакъ мыщхьэпэ псор зэхэзыха Тимур, зыми гу къылъамытэу щIокIри, адэшхуэм и фочымкIэ зоуэж, ауэ псэууэ къонэ.

Тимур и узыншагъэр хуэмурэу зэрызэтеувэжым иригуфIэу лIыжь-фызыжьыр зэпсалъэу, къакIуа гъуэгуанэр гугъуу щытами, зэхуэарэзыуэ, ягу хуабагъэ зэхуилъу къызэрынар зэраIуэтылIэу щысурэ Цацэ и псэр хокI...

И закъуэу унэ нэщIым къыщIэна лIыжьым унэр ещэ. Уи нэпс кърегъакIуэ абы унэм щигъакIуэ иужьрей дакъикъэхэм, абы и лъапсэжьым сэлам щрихыжкIэ. Ар уафэм дэплъейуэ, къру лъэтэжхэр щилъагъукIэ абыхэм ехъуапсэу, «Кърухэ, фи абгъуэр фобгынэ, къызэрывгъэзэжынур фщIэуэ», - жеIэ. Езым и унэжьым афIэкIа къызэримыгъэзэжынур и гум къыщIитхъыу еух спектаклыр.

Сценэм щыплъэгъуа псом ущегупсыскIэ, уи щхьэм ирожэ мы гупсысэр - «Унэ лъапIэм» адэанэр щопуд. Спектаклым щIэлъ гупсысэр щIагъэхуабжьэ лIыжьфызыжьым абы щыжаIэ мы псалъэхэм: «ЦIыхум къытхужаIэмрэ къызэрытхущытымрэщ цIыху дызыщIыжыр», «Унэращ лъабжьэ быдэм и къежьапIэр», «Я ныбэ из къудейкIэ жьыкIэфэкIэр арэзы хъурэ?», нэгъуэщIхэми. Ауэ абы щыжаIэ псалъэхэм нэхърэ куэдкIэ нэхъыбэщ спектаклым театреплъым и гущIэм къыщигъэушымрэ ар зригъэгупсысымрэ.

ИНЭРОКЪУЭ Данэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Лъэпкъым и гъуджэ

ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и художественнэ унафэщI **ФЫРЭ Руслан**:

- ДИ ТЕАТРЫР къызэрызэIуахрэ илъэс 80 зэрырикъур догъэлъапIэ мы гъэм. ЦIыху гъащIэм дежкIэ ар куэдми, театрыр балигъыпIэ щиувэ зэману жыпIэ хъунущ. Абы къыхэкIыу ди театрым щагъэуваауэ щыта спектакль нэхъыфIхэр дгъэлъэгъуащ, спектаклитIым я премьерэ диIащ. Артист, театреплъ, зэманым декIу спектакль имыгъэувмэ, театрыр щыIэфынукъым. Ди цIыхухэм иужьрей зэманым абы гулъытэ зэрыхуащIыжам уегъэгуфIэ. Ауэ сыхуейт къытхуэкIуэхэм я бжыгъэр куэдкIэ нэхъыбэну. Щхьэусыгъуэ лъыхъуэм къигъуэтынущ, ауэ театрым и IэфIыр зыщIэм абы къекIуалIэ гъуэгур зэи щыгъупщэнукъым.

Къэбэрдей-Балъкъэр, Ингуш республикэхэм щIыхь зиIэ я артист **ХЬЭЩЭ Къанщобий**:

- ЦIЫХУР игъэгупсысэрэ я щыуагъэр къагуригъэIуэжу театрым и репертуарым хэт спектаклхэмкIэ абы и къалэн нэхъыщхьэр зэригъэзащIэр хьэкъщ. Си гур хохъуэ спектаклыщIэ къыщыдэхъулIэм, абыхэм цIыхухэр фIыкIэ къыпэджэжу щыслъагъум деж. Театрыр си лэжьыгъэ къудейкъым, ар сэ сщыщ гуэрщ. Театрым псалъэ жагъуэ хужаIэри артистхэм къытхужаIэри зыщ. Щытхъум я нэхъыфIыр театреплъхэм ягу дыдыхьэнырщ, абыхэм ягухэм гупсысэ дахэм и мафIэ хъуаскIэр щызэщIэдгъэнэнырщ. Галин Александр и «Ретро»-м къытетщIыкIа спектаклым дыщыджэгури сценэм дыкъикIыжауэ, пэшым щIэсахэм ящыщ гуэр къызбгъэдыхьэри: «Адэр зэрыгупцIанэр нобэ си фIэщ фщIыри, си адэм деж сыпсэлъащ», - къызжиIат. Артистым дежкIэ абы нэхърэ нэхъ щытхъуфI щыIэ?! Срогушхуэ си лэжьэгъухэм, ди театрым.

УФ-м, КъБР-м щIыхь зиIэ я артист **ШЫБЗЫХЪУЭ Басир**:

- ТЕАТРЫНШЭУ си гъащIэр си нэгу къысхущIэгъэхьэркъым. Унэм сызэрыщIэсым нэхърэ нэхъыбэрэ театрым сыщыIэщ. Театрыр си гъащIэм хэмытамэ, сщIэртэкъым сызэрыхъунур, ауэ мызэманкIэ сиIэри сызэрыщытри зи фIыгъэр ди театрыращ.

КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **ХЬЭМЫРЗЭ Ахьмэд**:

- ТЕАТРЫР лъэпкъым и гъуджэщ. Лъэпкъым и гупсысэмрэ абы и псэукIэмрэ къэгъэнэIуа щыхъур аращ. Гъуазджэр къуэпсыбэщ, ауэ театрым хуэдэу жанр куэд щызэрихьэлIэ нэгъуэщI зы унэтIыныгъи иIэу къыщIэкIынкъым. Артистым, сурэтыщIым, режиссёрым, дизайнерым, нэгъуэщI куэдми я гуащIэшхуэ ирахьэлIэ зы спектакль утыку ирахьэным. А псор къыбгурыIуэу театрым ухуэлэжьэныр, лъэпкъым и гъуджэм укъищыныр сыт и уасэ?!

Театрыр куэдкIэ къысхуэщхьэпауэ къызолъытэ. Псом япэрауэ, абы лъэпкъым хузиIэ лъагъуныгъэмрэ зэхэщIыкIымрэ нэхъ куу ищIащ, гъащIэм и щэху куэд къызгуригъэIуащ. ФIыщIэ ин яхуэфащэщ сызыхэт гупми - цIыху къэс щапхъэ зытепхын щхьэхуэныгъэ яхэлъщ.

КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **МЫСОСТ Вадим**:

- СИ ПСЭМ щыщщ театрыр, сэ арыншэу сымыпсэу пэлъытэщ. Пщэдджыжьым жьыуэ дыкъокIуэри, жэщ хъуху дыщыIэщ. Абы къыхэкIыу унагъуэм, благъэ-Iыхьлым сызыхуейм хуэдиз гулъытэ схуахуэщIыркъым. Си гъащIэ Iыхьэ хэлъщ театрым, жысIэмэ сыщыуэнукъым: илъэс 28-м щIигъуауэ сыщолажьэ.

Театрым и лэжьакIуэм нэхърэ пшынэ еуэми, къафэми, уэрэд жызыIэми лэжьыгъэ нэхъ ягъуэт. Гугъу дехьу дыщIеджам мыхьэнэ иIэу пIэрэ, щыжысIи къохъу, пцIы хэмылъу. Сыт хуэдэ къэрали уэрэд щыжыпIэ, укъыщыфэ хъунущ икIи къодэIуэнущ, ауэ спектаклыр къыбгурымыIуэу уеплъыфынукъым.

Къыхэзгъэщыну сыхуейт Къэбэрдей театрым сыкъызэрыкIуэрэ режиссёр гъуэзэджэхэм садэлэжьэну си насып къызэрихьар. Режиссёрым и дуней лъагъукIэ иIэжщи, ар къыбгурыIуэу удэлажьэмэ, утыншынущ. Режиссёр бэлыхьхэу Ерчэн Леонид, Теувэж СулътIан, Фырэ Руслан, Теувэжыкъуэ Владимир, Дэбагъуэ Роман сымэ садэлэжьащ.

КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **КIЭХУМАХУЭ ФатIимэ**:

- ТЕАТРЫР щызимыIэжа дакъикъэм сэр нэхърэ нэхъ насыпыншэ щIым тетынукъым. Иужьрейуэ дгъэувахэм ящыщщ Ольмезов Мурадин и «Унэ лъапIэ» пьесэр, абы си цIэджэгъум и ролыр щызогъэзащIэ. Ди зэманымрэ цIыхухэмрэ хуабжьу зыхуэныкъуэщ а спектаклыр, игъуэу ягъэувауэ къызолъытэ. Я нэпс къекIуарэ зыщIэгупсысыжу щIокIыж абы цIыхухэр. Бынымрэ адэ-анэмрэ я зэхущытыкIэм, балигъ хъуа бынхэм я щхьэ Iуэхур япэ ирагъэщу адэ-анэм лей къызэрытрагъэхьэм теухуащ ар. Уеблэмэ, спектакль нэужьым я адэ-анэм деж телефонкIэ псалъэурэ, я Iуэху зытетым зыщызыгъэгъуэза куэд щыIэщ. Пьесэм и гупсысэ нэхъыщхьэр цIыхухэм я деж зэрынэтхьэсыфым и щыхьэтщ апхуэдэ щапхъэхэр.

Си лэжьыгъэмрэ си унагъуэмрэ сахэдэн хуейуэ Тхьэм симыщIыкIэ. ЗэрысхузэфIэкIкIэ лъэныкъуитIри зэрызмыгъэныкъуэным яужь ситщ. Си жей къэтми, гугъу сехьми, а тIури къызыхуэтыншэу зэрызэдэсхьыным сыхущIокъу.

КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **ХЪЫДЗЭДЖ Борис**:

- СИ ГЪАЩIЭРИ си дунейри си гупсысэри театрыращ зэпхар. Хуабжьу сехъуапсэу сыхуеджащ, си къару къихь къэзмыгъанэу солажьэ. Театрым и лъабжьэр зыгъэтIылъахэм ящыщу Сонэ Мухьэрбий, Болэ Мурат, ТIыхъужь Алий, ДыщэкI КIунэ сымэ нобэр къыздэсым ди щапхъэщ. IэщIагъэр фIыуэ дэзыгъэлъэгъуари ахэращ. А нэхъыжьыфIхэм я зэфIэкIым дылъэмыIэсыфми, дызэрефIэкIуэным яужь дитщ. Тхьэм и фIыщIэкIэ, щIэблэ дахэ къыщIохъуэ театрым. Щукиным и цIэр зезыхьэ училищэр илъэситI ипэкIэ къаухыу къэзыгъэзэжа ныбжьыщIэхэр утыкум щIэхщIэхыурэ къохьэ икIи абыхэм куэдкIэ дащогугъ. Театрым и Iуэхур ефIэкIуэнуми екIэкIуэнуми зэлъытар режиссёрыращ. Ди насыпщи, режиссёр гъуэзэджэхэр диIэщ. Апхуэдэхэщ Фырэ Руслан, Дэбагъуэ Роман, Шэрджэс Мухьэмэд, Теувэжыкъуэ Владимир, ЕмыкIуэ Андзор. Лэжьыгъэ гъэщIэгъуэнхэмкIэ дагъэгуфIэну дащогугъ абыхэм.

Ди нэхъыжьыфIхэм хуэдэу, иджырей актёрхэри цIыхухэм фIыуэ ялъагъуу, дерс къызыхахын гупсысэ зыщIэлъ спектакль гъэщIэгъуэнхэр дгъэуву адэкIи дылэжьэну сыхуейщ. Ди щэнхабзэм игъуэт пщIэр нэхъ лъагэ хъуным сыщIохъуэпс.

Артисткэ **МЭКЪУАУЭ ФатIимэ**:

- КЪАПЩТЭМЭ, театрым «сыкъыщыхъуащ». Москва дэт ГИТИС-р 1958 гъэм къэзыухыу Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкIуэжахэм си адэ Николаи ящыщт. Мысостышхуэ Пщызэбий, Срыкъуэ ХьэмщIасэ, Къардэн Борис сымэ, нэгъуэщIхэми зы гупу театр гъуазджэр ягъэкIуатэрт. Театрыншэу си гъащIэр си нэгу къысхущIэгъэхьэртэкъым, сэри абыхэм садэплъейуэрэ апхуэдизкIэ а дахагъэм сызыщIишати. Си адэр спектаклым щыджэгуми щымыджэгуми, театрым зэпымыууэ дыкIуэу щытащ сыщыцIыкIум. Уеблэмэ гъащIэ Iыхьэшхуэ си нэгум щIэкIым хуэдэу, утыкум щагъэлъагъуэм набдзэгубдзаплъэу сыхэплъэрт.

Театрым, дауи, цIыхур къыхуреджэ мамырыгъэм, зэгурыIуэныгъэм, гумащIагъэм. Гъуджэм къиищым хуэдэу, гъащIэр къегъэлъагъуэ, зыгуэрхэми закърегъэцIыхуж. Театрым и мыхьэнэр инщ, ауэ абыи ди зэманым къыпакIухь хъуа хуэдэу фэ ибоплъ: псэукIэм, гъащIэм и ухуэкIэм зэрызихъуэжарагъэнщ. Ди щIалэгъуалэр Iейкъым, ауэ адыгагъэр мащIэу яхуримыкъуж хуэдэу къысщохъу. Адыгагъэм цIыхум и пщIэм уригъэбэкъуэнукъым зэи, уригъэпцIыжынукъым уи псалъэм, уи къуэш, уи шыпхъум уапэщIигъэувэнукъым. Дыхуейт, дауи, а фIыгъуэхэр ди щIэблэми яхэлъыну.

Илъэс 80-р ныбжьышхуэкъым

ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрыр къызэрызэIуахрэ илъэс 80 зэрырикъур Iэтауэ ягъэлъэпIащ.

ЗЫ IУЭХУЩIАПIЭ и дежкIэ ныбжьышхуэкъым ар, къапщтэмэ, ауэ а зэманым къриубыдэу абы хузэфIэкIащ театрым и IэфIыр цIыхухэм захригъэщIэн, а унэтIыныгъэм ди деж зыщрагъэужьын.

ГуфIэгъуэ пшыхьыр езыгъэкIуэкIхэу Хьэмырзэ Ахьмэд, КIэхумахуэ ФатIимэ, ТIымыжь Владимир сымэ театрым и тхыдэм, абы и

лъабжьэр зыгъэтIылъахэм я гугъу ящIащ. Шортэн Аскэрбий, Шортэн Даниткэ, Мыд Хьэжмусэ, ДыщэкI КIунэ сымэ я пашэу 1937 гъэм колхоз-совхоз театрым лэжьэн щIидзат. Абыхэм къакIэлъыкIуащ театр щIэныгъэ зэзыгъэгъуэта актёр гъуэзэджэхэр.

Сонэ Мухьэрбий, ТIыхъужь Алий, Шортэн Даниткэ, Балъкъэр Калисэ сымэ Горький Максим и «Егор Булычёв» спектаклым зэрыщыджэгуауэ щытам теухуа нэтын кIэщI щагъэлъэгъуэжащ а пшыхьым.

Артист IэщIагъэм и гугъуагъым хуэдизи и хьэлэмэтагъщ. Пасэ зэманым адэ-анэ куэдым яфIэкъабылу щытакъым я быныр артисту ирагъэджэну. Къэзылъхуахэм ямыщIэу, гъэпщкIуауэ а IэщIагъэм зыхуэзыгъэсахэм ящыщщ Сибэч Быхуэ. Абы и адэм дохутыру еджэу фIэкIа ищIакъым. ГИТИС-р къиухри, Быхуэ театрым къигъэзэжауэ «Дахэнагъуэ» спектаклым щыджэгуу плъэмэ - и адэм и нэр къытриубыдауэ къеплъу елъагъу. АдэкIэ а Iуэхум кърикIуар ди нэгу къыщIэзыгъэувэж «Быхуэ» пьесэм, Аброкъуэ Беллэ и Iэдакъэ къыщIэкIам, щыщ пычыгъуэ япэу щагъэлъэгъуащ а пщыхьэщхьэм.

Таурыхъхэм щегъэжьауэ дунейпсо классикэм щыщхэмкIэ иухыжу спектакль зэмылIэужьыгъуэ куэдкIэ гъэнщIащ ди театрым и репертуарыр. Апхуэдэу а пщыхьэщхьэм абыхэм ящыщ зыбжанэм къыхаха пычыгъуэхэр къагъэлъэгъуащ.

Уэрэдус Мамий Аслъэн театрым хуитха гимныр япэу щагъэIуащ а пшыхьым.

Республикэм и артист пажэхэм я уэрэд, къафэ дахэхэмкIэ къызэхуэсахэм я гукъыдэжыр къаIэтащ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.
Сурэтхэр **Хьэщэ Къанщобий** *трихащ.*

Экономикэ **Политикэ**

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ **Жылагъуэ Iуэху**

Адрейхэм яхурыредэ

● Тэтэрстан

<u>Иджыблагъэ Къэзан щекIуэкIащ Тэтэрхэм я Дунейпсо конгрессым (ВКТ) и VI съездыр. Абы къыщащта унафэм итщ Москварэ Къэзанрэ я полномочиехэр зэхэгъэщхьэхукIыным теухуа зэгурыIуэныгъэм «Тэтэрстанымрэ зэрыщыту Урысеймрэ я жылагъуэ-политикэ зыужьыныгъэмкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIар».</u>

АПХУЭДЭ щIыкIэкIэ ВКТ-р ипэжыпIэкIэ Путин Владимир елъэIуащ зи пIалъэр мы гъэм бадзэуэгъуэм и 24-м иуха зэгурыIуэныгъэм пащэну. АрщхьэкIэ пащэну къыщIэкIынукъым, уегупсыс зэрыхъунумкIэ. «ДызэрыщыгъуазэмкIэ, Президентым и Администрацэм къыщалъытэ къэралыр зэгурыIуэныгъэ хабзэм тещIыхьауэ щытын хуэмейуэ.

Япэ дыдэу Москварэ Къэзанрэ зэгурыIуэныгъэм Iэ традзауэ щытащ 1994 гъэм: Ельцин Борис щышынащ Тэтэрстаным сепаратистхэр зэрыщызэщIэхъаем. 2007 гъэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэри, зэгурыIуэныгъэм Iэ тридзащ Путин Владимири. Республикэм хуитыныгъэ куэд къыхуагъэнащ, адрейхэм ямыIэу (псалъэм папщIэ, республикэм щыпсэухэм паспорт ират тэтэрыбзэкIэ тха напэ цIыкIу дэту).

АтIэ зэгурыIуэныгъэм пимыщэмэ, Москва зэхуэну хьэмэрэ мызэхуэну? Апхуэдэ зэгурыIуэныгъэ мы зэманым нэгъуэщI зы республикэми хуиIэкъым. АтIэ Тэтэрстаныр адрейхэм ефIэкIын щхьэ хуей? УФ-м и Конституцэм и 5-нэ статьям и 4-нэ пунктым дыкъыщоджэ: «Къэрал властым и федеральнэ органхэм хуаIэ зэхущытыкIэхэмкIэ Урысей Федерацэм и щIыналъэ псори хуитыныгъэкIэ щызэхуэдэщ». Тэтэрстаныр хуейкъым адрейхэм яхуэдэну. Ауэ нэхъапэм зэгурыIуэныгъэм Iэ традзэу щытащ, иджы ядэжыркъым. Сыт щхьэкIэ?

- Къэблагъэ президент хэхыныгъэхэм япэ къихуэу жыджэру бэнэныгъэ йокIуэкI къэралым зэпIэзэрытыныгъэр щыгъэбыдэным хуэгъэзауэ, - жеIэ Мыхьэнэшхуэ зиIэ экономикэмкIэ институтым и унафэщI Исаев Никитэ. - АрщхьэкIэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, ар зрагъэхъулIэну зэрамурадыр цIыхухэм я псэукIэр ирагъэфIакIуэкIэрэкъым, атIэ щIыналъэхэр зыми хуимытыж ящIкIэрэщ. Языныкъуэ щIыналъэхэм губернаторымрэ правительствэмрэ я властыр щызэхагъэхьэ, полномочиехэр зэхэгъэкIыным теухуауэ Тэтэрстаным хуаIэ зэгурыIуэныгъэм пащэнукъым».

IэщIагъэлI куэд щIоупщIэ: УФ-мрэ Тэтэрстанымрэ яку дэлъ зэгурыIуэныгъэм пащэну зэрыхуэмейм къимыкIыу пIэрэ федерацэр унитар къэралым хуэкIуэу (ар административнэ щIыналъэхэу - областхэу, провинцэхэу, губернэхэу, н.къ. зэхэтщ)?

«Федеративнэ ухуэкIэм къытекIыным и лъабжьэр Кудрин Алексей игъэтIылъащ, ар финансхэмкIэ министру щыщытам щыгъуэ, - жеIэ Исаевым. - Бюджет зэхущытыкIэхэр зэхъуэкIыным теухуауэ абы иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм щIыналъэхэр хуигъэкIуащ зыкIи зыкъызэрамыгъэпэщыжыфыным: налогхэм ящыщ куэдыIуэ федеральнэ бюджетым зэщIекъуэ. ЩIыналъэхэр къанэ щымыIэу сыткIи центрым елъытащ. Иджырей зэхъуэкIыныгъэхэм щIагъэбыдэ къудейщ ипэжыпIэкIэ федерализмэм къызэрыпыкIыр».

АрщхьэкIэ унитар къэралыр шынагъуэ дыдэкъым, къэзэрыщыхъум хуэдэу. Урысей империер апхуэдэщ, унитар къэралхэщ Франджыр, Финляндиер, Норвегиер, Румыниер, лъэщу зызыужьа нэгъуэщI къэрал куэд.

МИНАЕВ Игорь,
КНЯЗЕВ Андрей.
«Мир новостей»

● Ерыскъы

Итхьэлэхэра къуаншэр?

<u>Ерыскъыхэр къэралым кърашэу хуит зэрамыщIыжрэ урысей мэкъумэшхэкIхэм елэжь промышленностым къихьа ехъулIэныгъэхэм къулыкъущIэхэр гуфIэжу щытепсэлъыхь мы зэманым цIыху къызэрыгуэкIхэр кIуэ пэтми нэхъри егъэгубжь ерыскъыпхъэхэм я уасэхэм зэрыхэхъуэм, фIагъ зэрамыIэм икIи зыщыгугъыну къахуэнэжыр я хадэхэм къырахырщи, абы йогугъу.</u>

ФИГУ къэдгъэкIыжынщ: ерыскъыхэр къэрал зыбжанэм кърашу хуит мыщIыным теухуауэ президентым указым 2014 гъэм и шыщхьэуIум Iэ тридзащ, КъухьэпIэм УФ-м къыхуигъэува санкцэхэм я жэуапу. Апхуэдэ гъуэгум техьэри, мэкъумэшхэкIхэмрэ IэщхэкIхэмрэ къэзылэжьхэм нэхъапэм ямылъэгъуа ахъшэшхуэхэр хуаутIыпщащ, цIыхухэр къагъэгугъащ фIагъышхуэ зиIэ ерыскъыхэр пуду къащэхуфыну. Куэдагъым тепщIыхьмэ, дэ дыкъагъэпцIакъым - ерыскъыхэкI лIэужьыгъуэ куэдым къахэхъуащ, ауэ фIагъым и гугъу пщIымэ, псори нэгъуэщIу къыщIэкIащ: рынокым къыщыпэщIэтын зэрыщымыIэм къыхэкIыу мэкъумэшыщIэхэмрэ ерыскъыпхъэхэм елэжьхэмрэ Iэмал ягъуэтащ уасэхэм кIэрамыгъэхуну, фIагъым емылIэлIэнхэу. «Ромир» къэхутакIуэ центрым къызэритамкIэ, блэкIа илъэсым лымрэ гъэшхэкIхэмрэ я фIагъыр зэрехуэхам гу лъызыта урысейхэм я бжыгъэм хуэдитIкIэ хэхъуащ, Iыхьэ щанэм жаIэ нэкулъхэр мыщIагъуэу. Псоми ящхьэпрыкIыжащ кхъуейр. Узыншагъэм дежкIэ зэран пальмэ дагъэр и лъабжьэу яуцIырхъа а ерыскъым «кхъуейкIэ» уеджэ хъунукъым. Абы щыхьэт техъуащ Урысейм фIагъым кIэлъыплъынымкIэ и IуэхущIапIэри. ГОСТ-м езэгъыр Iыхьэ плIанэм нэхърэ нэхъ мащIэу къыщIэкIащ. ЗэрыжаIэщи, уэ умышхыу уи биймет.

Арэщи, ди къэралым щагъэхьэзыр ерыскъыпхъэхэм я фIагъым теухуауэ дыкъызэрагъэгугъахэр нэпцIу къыщIэкIащ. Уасэ пудхэми хуэдэу. Урысейм цIыхубэ хозяйствэмрэ къэрал къулыкъумкIэ и академием щыщ IэщIагъэлIхэм иджыблагъэ къабжащ контрсанкцэхэр зэрагъэувам и зэранкIэ ди къэралым щыщ дэтхэнэми фIэкIуэдар зыхуэдизыр. Ику иту зы цIыхум зы илъэсым сом мини 4,4-рэ хэщIыныгъэу игъуэтауэ къыщIэкIащ. Урысейм санкцэхэр зыхуагъэува ерыскъыхэкIхэм нэхърэ проценти 3-кIэ нэхъ лъапIэу къыщыщIэкIащ ди деж щащIхэр. БжыгъэшхуэкъыIм. Ауэ ар укъыщеплъ лъэныкъуэм елъытащ: 2014 гъэм и бжыыхьэ лъандэрэ урысейхэм я хэхъуэхэр процент 20-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ. Пэжщ, дэ мыбдеж къыщыдгурагъэIуащ щIакхъуэм и уасэр къызэрыдгъэувыIэну щIыкIэр. А къэхутэныгъэр зейр Банк Нэхъыщхьэм и къудамэм и унафэщI Морозов Александрщ. Акъыл жанкIэ Тхьэр зыхуэупса абы цIыхухэм чэнджэщ яритащ уасэхэм зэрыхэхъуэм нэхъ мащIэрэ егупсысыну. Абы и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, уасэхэм хэхъуэнкIэ зэрыхъунум урысейхэр нэхъыбэрэ егупсысыхукIэ, ерыскъыпхъэхэр къэзылэжьхэм нэхъ Iэмалышхуэхэр къахукъуокI ахэр драгъэуеину. КъызэрыщIэкIымкIэ, псым итхьэлэхэр езыхэр къуаншэщ абы къызэрыхэхутамкIэ. АрщхьэкIэ а тхьэмыщкIэхэр, зыри къыдэмыIэпыкъуу, езырезыру зыгуэрурэ къыхэкIыжами, Iуфэм къызэрытехьэу ягу къэкIынущ шхэн зэрыхуейр. СIожь, хэкIыпIэ щыIэщ: IэмэпсымэхэрзэрагъэпэщуIсотыхиххэм кIэртIоф, пхъы щагъэкIын хуейщ. Урысейм цIыхубэ хозяйствэмрэ къэрал къулыкъумкIэ и академием къызэритымкIэ, ди цIыхухэм я процент 33-м я щIы Iыхьэхэм къыщрахьэлIэ хадэхэкIхэр, пхъэщхьэмыщхьэхэр, мэракIуэхэр. Ар кризисым дыщиубыда 2014 гъэм и пэ ита зэманым елъытауэ процент 13-кIэ нэхъыбэщ. Арэщи, псори хадэм дивгъэхьэ!

ГРЕГОРОВ Максим,
«Мир новостей»

Дрогушхуэ икIи дроин

ЩIДАА-м и илъэс зэIущIэм кърихьэлIащ академикхэу Темыр Умар *(Черкесск)*, **Хьэмыкъуэ Владимир** *(Налшык)*, **Лий Адылджэрий** *(Кисловодск)*, **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд**, **Блий Станислав**, **ХьэкIуащэ Андрей** *(Налшык). 2006 гъэ*

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием япэу хыхьахэм ящыщщ географие щIэныгъэхэм я докторхэу Болэ Владиславрэ Борей Рауфрэ, техникэ щIэныгъэхэм я доктор Быгуэ Хьэзрэталий, филологие щIэныгъэхэм я докторхэу Габуние Зинаидэрэ ХьэкIуащэ Андрейрэ, физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор Гварамие Алекэрэ ХьуэкIуэн Хьэзрэталийрэ, тхыдэ щIэныгъэхэм я докторхэу Гугу Рашадрэ Къумыкъу Тыгъуэнрэ, биологие щIэныгъэхэм я докторхэу Тембот Асльэнбийрэ ФиIэпщэ Борисрэ, медицинэ щIэныгъэхэм я докторхэу Нэгъуей Беслъэнрэ Шыгъушэ Хьэсэнрэ, юридическэ щIэныгъэхэм я доктор Шамбэ Тарас, нэгъуэщIхэри. Апхуэдэу Москва, Санкт-Петербург къалэшхуэхэм щыIэ ди лъэпкъэгъу-щIэныгъэлIхэу Къалмыкъ Юрэ, Къумахуэхэ Мухьэдин, Мурадин, Тимофеев Адыл, МэкIэтIей Абдулыхь, Тыркум щыпсэу адыгэ математик Урдым Мустэфа, Голландием щыщ Хьэткъуэ Фатхьи сымэ хъуащ ЩIДАА-м и япэ академик. А псоми я пашэт физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор Нэхущ Iэдэм.

90 гъэхэм я пэщIэдзэм зэгухьэныгъэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэр къытрадзэу щытащ Академием и япэ газету «Насып» цIэр зыфIащам. ИпэжыпIэкIэ адыгэхэм ди дежкIэ насыпышхуэт куэдкIэ узыщыгугъ хъуну апхуэдэ щIэныгъэ зэгухьэныгъэ диIэ зэрыхъуар.

Абы лъандэрэ блэкIа илъэсхэм кърикубыдэу Академием лъэпкъ мыхьэнэ зиIэ лэжьыгъэ куэд зэфIихащ. Псом япэращи, абы хузэфIэкIащ лъэпкъ гупсысэр, щIэныгъэр зы ищIын. Ар лъэпкъым ифI куэд къызыдэкIуэ Iуэхушхуэщ. ЩIэныгъэм и лъагапIэхэм нэсыфа ди цIыху щэджащэхэр, зыщыпсэу щIыпIэ емылъытауэ, зэрыцIыхуащ, я Iуэху зэбгъэдалъхьащ. Демократиемрэ интернационализмэмрэ зи лъабжьэ щIэныгъэ зэгухьэныгъэр и цIэкIэ адыгэми, абы хэтщ мыадыгэ еджагъэшхуэхэр. Академием и мащIэкъым урыс, нэмыцэ, франджы, испан, инджылыз, хьэрып, журт, дагъыстан, балъкъэр, къэрэшей, Академием и Уставыр къэзыщтэ нэгъуэщI лъэпкъхэми къахэкIа щIэныгъэлIхэр.

Хэкужьым сыт щыгъуи псэкIэ щIыгъуа ди лъэпкъэгъухэм я гугъэхэри, я мурадхэри, я зэфIэкIхэри зы зэращIыжам нэмыщI, адыгэ щIэныгъэлIхэм я ехъулIэныгъэхэр лъэпкъ щхьэхуэм и хъугъуэфIыгъуэ мыхъуу, дунейпсо щIэныгъэ мылъку хъуащ. А псоми хуэлэжьащ, ноби хуолажьэ ЩIДАА-м и къудамэхэр. Ахэр 9 мэхъу икIи дэтхэнэри щIэныгъэм и унэтIыныгъэ щхьэхуэм йолэжь. Апхуэдэхэщ тхыдэ-филологие, химие, медико-биологие, физикэ къудамэхэр, энергетикэмрэ механикэмкIэ къудамэр, математикэмрэ нано-хъыбарегъащIэ технологиехэмкIэ, къызэрабж IэмалхэмкIэ къудамэр, щIымрэ щIыуэпсымрэ ехьэлIа щIэныгъэ къудамэр, биомеханикэмкIэ къудамэр, жылагъуэ щIэныгъэхэмкIэ къудамэр.

ЩIДАА-м и щIэныгъэ центрхэр щолажьэ Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм, Ставрополь, Краснодар крайхэм, Москва къалэм. Апхуэдэу Академием и къудамэ щхьэхуэхэр къыщызэрагъэпэщащ хамэ къэралхэми. Математикэмрэ нано-хъыбарегъащIэ технологиехэмкIэ дунейпсо институтым щолажьэ Урысейм, Абхъазым, Болгарием, Къэзахъстаным, США-м, Таджикистаным, Тыркум, Узбекистаным щыщ щIэныгъэлIхэр. 2011 гъэм абыхэм я жэрдэмкIэ екIуэкIащ ЕтIуанэ дунейпсо урысей-къэзахъстан симпозиумыр, ЩIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм я ебгъуанэ дунейпсо зэхуэсыр. Апхуэдэ зэIущIэхэр даIыгъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэзахъстаным я Правительствэхэм, Фундаментальнэ къэхутэныгъэхэмкIэ Урысей фондым.

БлэкIа илъэсхэм ЩIДАА-м къызэригъэпэщащ щIэныгъэ зэхыхьэ куэд. Ахэр ятеухуащ лъэпкъ тхыдэм, щэнхабзэм, щIэныгъэм и унэтIыныгъэ зэмылIэжьыгъуэхэм. Академием хэтхэм къыдагъэкIащ я лэжьыгъэхэр зэрыт тхылъ щхьэхуэхэри. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, Щоджэн Iэсхьэд и «Агробиогеохимия», ХьэфIыцIэ Мухьэмэд и «Адыгэ Прометей», БакIуу Хъанджэрий и «IутIыж Борис: усакIуэ, тхакIуэ, драматург» тхылъхэр, нэгъуэщIхэри.

ЩIДАА-м и пщIэр жылагъуэм нэхъ ин щохъу, зэфIих лэжьыгъэхэми хохъуэ. Апхуэдэу лъэпкъ щIэныгъэм и лъагапIэхэр щIыпIэ куэдым щызэлъагъэIэс Академием, абы и президиумым къыдигъэкI журналхэм, тхылъхэм, тхыгъэ щхьэхуэхэм. Академикхэм, лъэпкъ щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм ирагъэкIуэкI къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр къытрадзэ «ЩIДАА-м и докладхэр» журналым. Академием и къудамэу Армавир щылажьэм къыдегъэкI «Егъэджэныгъэ. ЩIэныгъэ. Творчествэ» журналыр.

Зеужь, йофIакIуэ адыгэ щIэныгъэ зэгухьэныгъэр икIи дунейпсо цIэрыIуагъ зиIэ еджагъэшхуэхэмкIэ къулейщ. Ар къыщызэрагъэпэщагъащIэм псори зэгъусэу хэтар цIыху 25-рэ къудеймэ, иджыпсту ЩIДАА-м щIэныгъэлI 361-рэ хэтщ. Абыхэм ящыщу академием и действительнэ членщ цIыху 250-рэ, абы и член-корреспондентщ щIэныгъэлI 72-рэ. ЩыIэщ ЩIДАА-м ЩIыхь зиIэ и академикхэри. Апхуэдэхэр 39-рэ мэхъу.

ЖыпIэнурамэ, и мурадхэр къехъулIэу, къалэнхэм пэлъэщу къогъуэгурыкIуэ ЩIДАА-р. Абы къегъэлъагъуэ ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академиер зи къэкIуэнур ин, купщIафIэ, дахэ зэгухьэныгъэу зэрыщытыр.

Адыгэ Iуэхум дапщэщи игъэпIейтей щIэныгъэ зэгухьэныгъэм хэтхэм я илъэс зэIущIэхэр щекIуэкI хабзэщ Налшык, Черкесск, Мейкъуапэ къалэхэм. Академиер къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 25-рэ зэрырикъур ягъэлъапIэу, пщэдей ЩIДАА-м и гуфIэгъуэ зэхуэс Налшык щекIуэкIынущ. Лъэпкъым и къэкIуэну дахэм хуэлажьэ щIэныгъэ зэгухьэныгъэ иным и гуфIэгъуэ зэхыхьэр адыгэ псоми махуэ тхуэхухъуну Тхьэм жиIэ!

ЖЫЛАСЭ Маритэ,
«Адыгэ псалъэ» газетым егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщI.

ДызыгъэпIейтей Iуэхухэр

Къалъхухэр мащIэщ, лIэхэр нэхъыбэщ

РОССТАТЫМ къызэритамкIэ, мы гъэм и япэ мазитхум лIэхэм я бжыгъэр хуэдищкIэ нэхъыбэ щыхъуащ къэралым, блэкIа илъэсым и апхуэдэ зэманым елъытауэ (цIыху мини 111,18-рэ - зэрыщыта мин 41,6-м и пIэкIэ). ЦIыху бжыгъэм хощI къалъхухэр нэхъ мащIэ зэрыхъум и зэранкIи. Мы гъэм и мазитхум Урысейм дунейм къыщытехьар сабий мин 679-рэщ икIи ар мин 83-кIэ нэхъ мащIэщ, илъэс кIуам и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ. ЛIэхэм я бжыгъэм щIыхэхъуэм и щхьэусыгъуэхэм теухуа доклад игъэхьэзыращ УФ-м ЭкономикэзыужьыныгъэмкIэ и министерствэм. Абы къыщыгъэлъэгъуащ и диагностикэми, уз хьэлъэхэм (лышхым, В гепатитым хуэдэхэм) япэщIэтыным теухуа лэжьыгъэми хэлъ ныкъусаныгъэхэр, къыхегъэщхьэхукI медицинэ лэжьакIуэхэм, псом хуэмыдэу сымаджэр япэ зэкIуалIэхэм, я IэщIагъэм кууэ зэрыхамыщIыкIыр икIи ахэри къазэремэщIэкIыр». Сымаджэхэм клиникэхэм къазэрыщыIущIэ щIыкIэр зэрыхьэлэчым иджыблагъэ тепсэлъыхьащ Путин Владимир. АтIэ сыт кърикIуар? Зыри. Медицинэ унафэщIхэр, нэхъапэми хуэдэу, я бгъэхэм тоуIуэ, IэнатIэм къыпэщыт къалэн псори зэфIагъэкIауэ жаIэурэ. ЯтехъущIыхьыным къыпыкIыу къулыкъущIэхэр тегъэкIыным Президентыр яужь ихьэну игъуэ мыхъуауэ пIэрэ? Арыншамэ, дяпэкIэ зэIэзэни ягъуэтыжынукъым.

Зыри къахуейкъым

IЭЩIАГЪЭ зэрырагъэгъуэт пщалъэхэр егъэфIэкIуэным елэжь къэрал зэхуаку зэгухьэныгъэхэмрэ УФ-м и Ахъшэ хъумапIэ банкымрэ зэгъусэу ирагъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм къагъэлъэгъуащ урысей куэдым щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэрызрагъэгъуэтыр, ауэ къэралым и экономикэр щIым къыщIащ къулеигъэхэр къэгъэсэбэпыным тещIыхьащи, абыхэм я IэщIагъэхэм зыри хуэныкъуэкъым. Къэхутэныгъэхэр езыгъэкIуэкIахэр компание ин дыдэхэм я унафэщIхэм зэреупщIам къигъэлъэгъуащ экономикэм щIэныгъэм пщIэ зэрыхуимыщIыр. Псом нэхърэ нэхъ узыгъэпIейтейр еджапIэ нэхъыщхьэхэр къэзыухахэм я дежкIэ я IэщIагъэмкIэ лэжьапIэ къагъуэтыну зэрыгугъурщ. ЦIыхухэм IэнатIэ яIэным кIэлъыплъ федеральнэ къулыкъущIапIэр зэупщIа ныбжьыщIэхэм я процент 27-рщ зи IэщIагъэм ирилажьэр. Апхуэдэу щытми, еджапIэ нэхъыщхьэ зэхуэпщIыжыныр къезэгъыркъым - щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ Iэмал яIэн хуейщ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зрагъэгъуэтыну. Сыт-тIэ хэкIыпIэр? Совет лъэхъэнэм диплом зратахэр щIыпIэщIыпIэхэм трагуашэу щытащ. Зыри къанэртэкъым IэнатIэншэу. Иджы вузхэр къэзыухахэр рынокым и толъкъунхэм хэпкIэн хуей мэхъу. КъыхэкIыжыфыр мащIэщ. Япэрей хабзэр къэгъэщIэрэщIэжын хуейуэ къыщIэкIынущ, бюджет ахъшэкIэ еджапIэ нэхъыщхьэр къэзыухахэм егъэщIылIауэ нэхъ мыхъуми.

«Мир новостей».

● США

ЦIыху къызэрыгуэкIхэрщ хэзыхар

<u>США-м щекIуэкIа президент хэхыныгъэхэм урысхэр хэIэба хуэдэу демократхэм ирахьэжьа псалъэмакъыр ужьыхыркъым: ар и щхьэусыгъуэу къыщIрагъэдз я Iуэху къыщIимыкIам, - щыжиIащ Трамп Дональд Виргиние КъухьэпIэ штатым щыщу езым и телъхьэхэм я пэкIум къыщыщыпсалъэм.</u>

ПРЕЗИДЕНТЫМ къызэрыхигъэбелджылыкIамкIэ, Унэ Хужьым шэнтжьейр къыщылъысынымкIэ къыдэIэпыкъуар Москвакъым, атIэ америкэн хэхакIуэхэрщ: «ЦIыхухэм я нэхъыбэм ящIэ урыс гуэри дэ ди штабым зэи зэрыщымыIар:. «Москвакъым, атIэ фэращ дэ дызэрытекIуар зи фIыгъэр!» - жиIащ Трамп Дональд. Москва хуиIэ зэхущытыкIэхэр зэрызэIыхьам и гугъу щищIым, Трамп езым и «Твиттерым» къыщыхуриджащ абы папщIэ конгрессым фIыщIэ хуащIыну: аращ санкцэщIэхэр Москва хуагъэувыным теухуа законыр къэзыщтар. Пэжщ, иужькIэ абы Iэ тридзащ езы Трампи.

АрщхьэкIэ США-м и 45-нэ президентым и политикэ ныкъуэкъуэгъухэм я мызакъуэу, езым и администрацэм щыщхэри къыхуэфIкъым. Псалъэм и хьэтыркIэ, ар гугъу ирегъэхь лъэпкъ шынагъуэншагъэмкIэ и чэнджэщэгъу Макмастер Герберт. Зауэ Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэм, зэрыжаIэщи, хьэжьпэжь хэхъухьа пэтми, лъэсырыкIуэдзэхэм я генерал-лейтенантым лъэпкъ шынагъуэншагъэр къызэбгъэпэщын папщIэ зэпымыуэ Iэщэкlэ дэлъэн хуейуэ къелъытэ. Макмастер Трамп хуегъэув Афганистаным зауэщIэ щызэхиублэну, Урысейм Сирием къыщыпэщIэувэну. Апхуэдизу зигъэпхъашэ пэтми, «сэлэт бэлыхь» Макмастер и кандидатурэм псори зэакъылэгъуу арэзы техъуащ республиканхэри демократхэри. Трамп къулыкъу зыхуигъэлъэгъуа нэгъуэщIхэм ар яхужыпIэфынукъым - сенаторхэм абыхэм лъакъуэпэщIэдз хуащI, иджыри къэс Обамэ Барак и жыIэм щIэт цIыхухэр я къулыкъухэм къытранэн папщIэ.

Конгрессымрэ нэгъуэщI и политикэ ныкъуэкъуэгъухэмрэ я жэуапу Трамп мазэ къэс зыбжанэрэ зэхуешэс цIыху куэд зыхэт пэкIухэр икIи емышу жеIэ хьэгъэщагъэ гуэрхэр хэмылъу, къызэрыгуэкI хэхакIуэхэм я фIыгъэкIэ зэрытекIуар. Трамп къегъэгугъэ американ къызэрыгуэкI мелуанхэм къагъэувхэр нэхъапэм хуэдэу къафIэмыIуэхуу къамыгъэнэну. Президентым хуэфI СМИ-хэм цIыхухэм ягу къагъэкIыж мазихым кърипубыдэу Трамп къэралым лэжьапIэ IэнатIэ мелуаным щIигъу къызэрыщызэIуихыжар икIи здынэсам къыщыувыIэну зэримымурадыр.

«Мир новостей».

Ныбжьэгъу хьэмэрэ бий?

<u>КИФЩI-р ящыщщ хьэщхьэрыIуэ узыр мы гъэм нэхъ зыхуэлъа щIыпIэхэм. Гъэмахуэм псэущхьэхэр къазэредзэкъам къыхэкIыу цIыху нэхъыбэм дохутырхэм зыхуагъэзэ щIымахуэм нэхърэ. Мы гъэм апхуэдэхэм я бжыгъэр мини 6,5-м щIигъуакIэщ.</u>

ПСАЛЪЭМ и хьэтыркIэ, Ставропольем и сымаджэщхэм кIуэн хуей хъуащ цIыху мини 3-м щIигъу. Абы щыгъуэми къедзэкъар унагъуэхэм щаIыгъ псэущхьэхэрщ. ХьэкIэкхъуэкIэхэм я зэран зэкIар цIыху 84-рэ къудейщ. Псом хуэмыдэу хьэщхьэрыIуэ узыр нэхъыбэрэ къапкърокI хьэхэм, джэдухэм, унагъуэ Iэщхэм. Ахэр езыхэр къэзыцIалэр бажэхэрщ, дзыгъуэшхуэхэрщ, енотхэрщ. Псом хуэмыдэу шынагъуэщ хьэ, джэду екIуэлIапIэншэхэр.

Иджыблагъэ Къэрэшей-Шэрджэсым щыщу унагъуэ гуэрым и пщIантIэм хьэ хьэулей дыхьащ. Сыхьэт зыбжанэкIэ абы игъэгузэващ цIыхубзымрэ сабиймрэ (а тIум я закъуэт). Къэса полицейхэм хьэр яукIащ. Абы и ужькIэ хьэр къапщытати, хьэщхьэрыIуэ уз пкърытауэ къыщIэкIащ.

Апхуэдэ куэдрэ къохъу. Къэбэрдей-Балъкъэрми щытыкIэр щыщIагъуэкъым. Мыбы мы гъэм дохутырхэм а щхьэусыгъуэмкIэ зыхуагъэзэн хуей щыхъуащ цIыху 1292-м, КъШР-м а бжыгъэр 427-рэ щохъу. Осетие Ищхъэрэм вакцинэ щыхалъхьащ цIыху 1786-м. Шэшэнымрэ Ингушымрэ хьэхэр зэдзэкъахэр щынэхъ мащIэщ - дэтхэнэми цIыхуищэ щыхъуу арэщ. Абы щыгъуэми, дзэкъа псэущхьэхэм ящыщу хьэщхьэрыIуэ уз зыпкърытыр мащIэщ. Ауэ узыпэщIэхуэнур пщIэнукъым. ХэкIыпIэу щыIэр зыщ: унагъуэ псэущхьэ псоми вакцинэ яхэлъхьэнырщ.

МАКСИМЕНКЭ Аннэ.
«Аргументы и факты»

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур шыщхьэуIум и 26-рщ.

● Японие

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къ., Лениным и уэрам, 33.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.
Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531
Тираж 3.490
Заказ №1068